

**Plan Pèfòmans FFY 2020 Eta a  
(State Performance Plan, SPP)/Rapò Pèfòmans Anyèl  
(Annual Performance Report, APR)**

**Rapò sou Angajman Moun Ki Konsène yo**

**1 Fevriye 2022**

**Mary Ann Mieczkowski**

**Direktè Resous pou Timoun Eksepsyonèl**

**Depatman Edikasyon Delaware**

*Y ap afiche SPP/APR FFY 2020 Delaware a sou sit entènèt DDOE a nan mwa Jen 2022 apre Biwo federal  
Pwogram Edikasyon Espesyal la te pibliye Detèminasyon Anyèl Delaware a.*

## **Sa Ki Nan Dokiman sa a**

### **Entwodiksyon**

#### **Tranzisyon**

- Endikatè 1 – Gradyasyon
- Endikatè 2 – Abandon
- Endikatè 13 – IEP Tranzisyon (Tranzisyon Segondè)
- Endikatè 14 – Rezilta Apre Lekòl

#### **Ekite**

- Endikatè 4 – Dekalay Enpòtan: Sispansyon/Ekspilsyon
- Endikatè 9 – Repezantan Dispwoòsyonèl
- Endikatè 10 – Repezantan Dispwoòsyonèl nan Kategori Andikap Espesifik

#### **Anviwònman ki Gen Mwens Restriksyon**

- Endikatè 5 – Anviwònman Edikasyon

#### **Rechèch Timoun**

- Endikatè 11 – Rechèch Timoun

#### **Evalyasyon Eta a**

- Endikatè 3 – Evalyasyon
- Endikatè 17 – SSIP (State Systemic Improvement Plan) (Plan Amelyorasyon Sistemik Eta a)

#### **Angajman Paran yo**

- Endikatè 8 – Patisipasyon Paran yo

#### **Anviwònman Lekòl Matènèl**

- Endikatè 6 – Lekòl Matènèl LRE

#### **Rezilta Lekòl Matènèl**

- Endikatè 7 – Rezilta Lekòl Matènèl

#### **Tranzisyon Bonè**

- Endikatè 12 – Tranzisyon soti nan C pou ale nan B (Tranzisyon pou Timoun Piti)

#### **Seyans Rezolisyon ak Medyasyon**

- Endikatè 15 – Seyans Rezolisyon
- Endikatè 16 – Medyasyon

## Entwodiksyon

Delaware anbrase angajman otantik moun ki konsène a nan tout domèn travay nou an. Manm gwoup travay Resous pou Timoun Eksepsyonèl (Exceptional Children Resources, ECR) yo te angaje nan fòmasyon Dirije pa Konvokasyon (Leading by Convening) de (2) fwa nan 8 lane ki sot pase yo atravè NCSI ak IDC, sant nasyonal pou èd teknik nou yo, pou amelyore patisipasyon aktyèl moun ki konsène nou yo. Nou kwè pou amelyore rezilta pou elèv ki gen andikap yo, nou dwe anbrase ak valorize patenarya aprantisaj nou yo ak paran yo, edikatè yo, gwoup konseye/defansè yo ak manm kominote a. ECR te reyalize pou li ka elaji patisipasyon moun ki konsène nou yo, epitou nou te bezwen apwofondi nivo entèraksyon pami moun ki konsène yo. Depatman Edikasyon Delaware te konstui yon relasyon solid ak Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware, IDEA PTI nou an, pou avanse angajman nou ak paran yo. Nou fè patenarya ak PIC pou anbrase kat (4) nivo entèraksyon yo nan Dirije pa Konvokasyon: enfòm (pataje enfòmasyon ak lòt moun ki gen sousi pou pwoblèm nan), rezo (mande lòt moun sa yo panse sou pwoblèm nan epi koute sa yo di), kolabore (angaje moun nan eseye fè yon bagay nan travay ansanm sou pwoblèm nan) ak transfòm (fè bagay yo nan Fason pa Patenarya a: dirije pa konvokasyon, angajman ant moun ki konsène yo, lidèchip pataje ak bati konsansis). Koneksyon ak kolaborasyon sa yo te bay rezilta chanjman pozitif. Pandan nou t ap prepare pou angaje moun ki konsène yo nan pwosesis analiz done ak fikse objektif pou nouvo SPP/APR la, PIC te ban nou sipò ak estrateji pou enplike pi plis paran nan pwosesis sa a, nan konsantre sou ogmante lajè reprezantasyon apwopriye a ak pwofondè entèraksyon yo.

Pandan manm ECR yo t ap prepare pou angaje moun ki konsène yo nan analize done Delaware yo, fikse objektif pou nouvo SPP/APR ak idantifye estrateji ak aktivite amelyorasyon yo, chak manm estaf yo te itilize Zouti Analiz Angajman Moun ki Konsène yo nan Delaware pou asire yo te abòde tout done demografik yo lè yo te envite moun ki konsène yo (egzanp: ras/etnisite/anplasan jeyografik/kategori andikap/gwoup defans/gwoup konsiltatif/paran/fanmi/elatriye). Te gen 59 reyinyon endividyèl moun ki konsène yo te fè sou endikatè yo ki gen ladan pataje done, diskisyon rich konsènan analiz done, fikse objektif ak estrateji amelyorasyon.

Pandan tout ane a, DDOE ECR rankontre chak mwa ak Konsèy Konsiltatif Gouvènè a pou Sitwayen Eksepsyonèl yo, komite Konsiltatif IDEA Leta a, kòm yon konsèy antye, epitou rankontre ak soukomite konsèy la ki konsantre sou domèn espesifik edikasyon timoun ki gen andikap yo. Pandan reyinyon chak mwa yo, ECR angaje ak konsèy la nan analiz done yo ak diskisyon sou aktivite amelyorasyon alantou endikatè endividyèl yo. Anplis de sa, manm endividyèl yo te reprezante GACEC nan chak komite moun ki konsène yo sou endikatè espesifik. ECR te prezante epi angaje tout moun ki konsène yo/paran ki soti nan Konsèy Konsiltatif Gouvènè a pou Sitwayen Eksepsyonèl yo nan yon reyinyon jeneral pou diskite sou analiz done endikatè yo, kòmantè/reyaksyon sou objektif ki fikse yo, ak kòmantè/reyaksyon sou aktivite amelyorasyon yo epi bay GACEC yon lòt opòtinite pou poze kesyon/bay opinyon pandan yon seyans yon sware Kesyon ak Repons ki fèt espesyalman pou yo. GACEC te bay DDOE kòmantè alekri nan fen Desanm. Prezantasyon, analiz done, diskisyon sou fikse objektif ak aktivite amelyorasyon te fèt tou nan tout Reyinyon Lidèchip sou Edikasyon Espesyal Konte yo pou ankouraje Direktè Edikasyon Espesyal LEA yo ak lòt edikatè nan pwosesis pou bay kòmantè/reyaksyon jan sa endike anwo a.

Anplwaye ECR, an kolaborasyon ak Sant Enfòmasyon pou Paran yo, te devlope yon fèy enfòmasyon yon (1) paj pou paran yo pou chak endikatè SPP/APR epi yo te fè patenarya ak Sant Enfòmasyon pou Paran yo pou pataje ak tout 42 Konsèy Paran LEA yo pou Edikasyon Espesyal, ak lis distribisyon paran PIC ki plis pase 5000 fanmi. PIC te itilize platfòm medya sosyal yo pou envite tout paran yo patisipe nan seyans Dine-Konferans Andirèk sou Facebook, kote chak manm ECR te prezante enfòmasyon endikatè yo a, yo te angaje yo nan yon diskisyon analiz done, yo te prezante pwopozisyon objektif ak estrateji amelyorasyon. Yo te pwograme seyans sa yo ni pandan lajounen ni nan aswè pou asire plis opòtinite pou paran yo patisipe. Anplis de sa, anplwaye ECR yo te kreye sondaj sou endikatè endividyèl yo pou rasanble plis kòmantè nan men moun ki konsène yo ki se paran, ki te kominike pandan seyans "Dine-Konferans" yo. Yo te tradui ni fèy enfòmasyon yon (1) paj yo ni sondaj yo sòti nan Anglè pou ale nan Panyòl ak Kreyòl Ayisyen pou rive jwenn yon pakèt fanmi. Pou santralize tout enfòmasyon sa yo epi pou jwenn plis kòmantè nan men piblik la, ECR te kreye yon paj wèb IDEA SPP/APR ki gen fèy enfòmasyon yon (1) paj pou chak endikatè, yon lyen an dirèk pou sondaj endividyèl yo pou jwenn plis kòmantè/reyaksyon, prezantasyon power point yo itilize

pandan prezantasyon moun ki konsène yo ak yon kopi SPP/APR anvan an pou referans. (<https://www.doe.k12.de.us/Page/4541>) DDOE te itilize rezo sosyal yo, tankou Paj Facebook DDOE a, pou pataje enfòmasyon sa yo nan tout eta a, anplis de pibliye enfòmasyon ak lyen an dirèk nan Bilten Semèn Direktè yo. Pou sipòte efò sa a, Sant Enfòmasyon pou Paran yo te kreye yon paj wèb ki sanble ak paj wèb DDOE a.

Pou sipòte etap Enfòmasyon (pataje enfòmasyon ak lòt moun ki gen sousi pou pwoblèm nan) Dirije pa Konvokasyon, DDOE te kolekte done pou sipòte efò yo pou ogmante lajè reprezantasyon apwopriye ak pwofondè entèraksyon pati ki konsène yo atravè medya sosyal ak sit entènèt. Anplis de sa, DDOE kolekte done sou Rezo (mande lòt moun ki sa yo panse sou pwoblèm nan epi koute sa yo di), Kolaborasyon (angaje moun nan eseye fè yon bagay nan travay ansanm sou pwoblèm nan) ak Transfòmasyon (fè bagay yo nan Fason pa Patenarya a: dirije pa konvokasyon, angajman ant moun ki konsène yo, lidèchip pataje ak bati konsansis) nan fè efò atravè ranpli sondaj ak patisipe nan reyinyon yo.

Rezime Patisipasyon Moun ki Konsène yo:

- Kantite moun ki konsène DDOE/PIC te kontakte atravè *Enfòmasyon* sou rezo sosyal ak sit entènèt yo: 30902
- Kantite moun ki konsène DDOE/PIC te angaje nan *Enfòmasyon* sou rezo sosyal ak sit entènèt yo: 1035
- Kantite moun ki konsène ki te angaje avèk DDOE/PIC nan *Rezo*, *Kolaborasyon* ak *Transfòmasyon* atravè ranpli sondaj ak patisipe nan reyinyon yo: 1191

Rezime Patisipasyon Paran yo:

- Nan kantite total moun ki konsène yo, kantite paran DDOE/PIC te kontakte atravè *Enfòmasyon* sou rezo sosyal ak sit entènèt yo: 7220
- Nan kantite total moun ki konsène yo, kantite paran DDOE/PIC te angaje nan *Enfòmasyon* sou rezo sosyal ak sit entènèt yo: 335
- Nan kantite total moun ki konsène yo, kantite paran ki te angaje avèk DDOE/PIC nan *Rezo*, *Kolaborasyon* ak *Transfòmasyon* atravè ranpli sondaj ak patisipe nan reyinyon yo: 191

# DONE TRANSIZYON DELAWARE

Yo ka konsidere tranzisyon an tankou yon pon ant pwogram lekòl yo ak opòtinite vi granmoun yo, tankou edikasyon siperyè oswa fòmasyon, travay, vi apa ak patisipasyon nan kominote.

Biwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (tankou Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankouraje ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezilta timoun ki gen andikap yo dapre IDEA. Eta yo gen egzijans pou yo devlope yon Plan Pèfòmans nan nivo Eta k ap dekri kòman li pral amelyore rezilta timoun ki gen andikap yo sou yon peryòd 4 lane epi pou bay rapò sou pwogrè a chak ane. Rezilta yo kouvri domèn tankou tankou kantite gradyasyon, kantite abandon, patisipasyon ak pèfòmans nan lekti ak matematik, ansanm avèk respè pou lwa sou edikasyon yo



## Endikatè 1 - Kantite Gradyasyon

Pousantaj jèn ki gen Pwogram Edikasyon Endividyèl yo (IEP yo) k ap kite lekòl segondè avèk yon diplòm segondè òdinè.

### Mezi ak Kalkil:

Jèn ak IEP yo (ki gen sòti nan 14 lane rive 21 lane) ki kite lekòl segondè ak yon Diplòm Òdinè

Tout jèn ak IEP yo (ki gen sòti nan 14 lane rive 21 lane) ki kite Lekòl Segondè ak yon Diplòm Òdinè, ki vyeyi, oswa ki abandone

### Sous Done ak Rezilta yo:

Ane Fiskal Federal	2013	2014	2015	2016	2017	2018	2019
Kantite jèn ak IEP nan kowòt ajiste ane a k ap gradye ak yon diplòm òdinè:	919	839	695	682	766	941	1,086
Kantite jèn ak IEP nan kowòt ajiste ane a ki elijib pou gradye:	1,116	1,007	886	929	994	1,214	1,393
Pousantaj jèn ak IEP nan kowòt ajiste ane a k ap gradye ak yon diplòm òdinè:	82.3%	83.3%	78.4%	73.4%	77.1%	77.5%	78.0%
Objektif ane a:	63.7%	66.7%	71.4%	74.1%	77.8%	67.3%	68.5%

Nòt: Done pou endikatè sa se "lag" data. Dekri ansanm rezilta egzamen done ke Eta a fè pou ane a avan ane deklarasyon an (pa egzansp, pou FFY 2020 SPP/APR la, itilize done apati 2019-2020), epi konpare rezilta yo ak objektif la.



Delaware  
Department of Education

## Endikatè 1: Pousantaj Moun ki Gradye

**Gwoup ki Konsène yo:** Pou endikatè sa a, yo te òganize 15 reyinyon avèk moun ki konsène yo, ki gen ladan Kad Tranzisyon Nan Tout Eta a, Seyans Dine-Konferans an kolaborasyon avèk Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware, Divizyon Andikap Vizyèl Konsèy Konsiltatif Reyadaptasyon Pwofesyonèl, Konsèy Andikap Devlopman yo, Komisyon Travay An Premye, Konsèy Konsiltatif Gouvènè pou Sitwayen Eksepsyonèl (Komite Konsiltatif Leta IDEA) ak Direktè Edikasyon Espesyal LEA yo.

Endikatè 1: Pousantaj Moun ki Gradye							
Ane Referans	Done Referans	Objektif: 2020	Objektif: 2021	Objektif: 2022	Objektif: 2023	Objektif: 2024	Objektif: 2025
2020	80.62%	80.62%	81.12%	81.62%	82.12%	82.62%	83.12%

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo Konsènan Objektif yo:

- 1.4% ogmantasyon chak ane
- .3% ogmantasyon chak ane
- .5% ogmantasyon chak ane
- 1% ogmantasyon chak ane
- 2% ogmantasyon chak ane

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo ak Aktivite Amelyorasyon yo Sijere yo:

- Konpile epi egzamine done chak distri ak chak lekòl pou idantifye tandans yo epi diskite sou obstak yo
- Idantifye estrateji distri ak lekòl ki fè siksè yo itilize epi diskite sou aplikasyon estrateji sa yo nan distri ak lekòl ki pa bay bon pèfòmans yo.
- Egzamine rechèch nasyonal sou estrateji ki baze sou prèv yo fè pou amelyore rezilta sa a epi diskite sou opsyon ki pou aplike nan Delaware
- Ogmante sansibilizasyon paran/fanmi. Asire w paran yo konnen ki filyè si w suiv yo ou p ap diplome ak ki filyè si w suiv yo w ap diplome.
- Bonjan kominikasyon ak suivi ak elèv la oswa fanmi an, konekte pi bonè ak ajans ekstèn yo, epi aplike plis pakou kou ki gen rapò ak komès epi se pa sèlman sa ki gen rapò ak kolèj.
- Elimine egzijans lang nan mond lan - anpil elèv espesyal ki gen difikilte pou konprann ak dekode nan lang anglè pral gen anpil difikilte ak yon dezyèm lang. Li pa fè sans pou prepare yo pou yo fè echèk.
- Ofri lòt fason pou demontre metriz nòm yo ak fason pou gen aksè ak pwogram etid lan ki pa anviwònman lekòl tradisyonèl yo.
- Pwogram rekiperasyon kredi ki endividyèl pou chak elèv
- Kontinye bay opsyon aprantisaj vityèl pou elèv ki pa ale lekòl oswa ki travay pandan lajounen pou rezon finansye. Yon lòt opsyon se anplwaye yon moun ki responsab prezans pou chak bilding pou kontwole absans yo pi byen epi travay yon fason pi dirèk ak fanmi ki gen difikilte yo.
- Adrese gwoup minorite ki nan gwoupman ki pa reyisi a
- Menm jan nou diskite l nan reyinyon IEP pou elèv ki pase Evalyasyon Altènatif Eta a, nou ta dwe gen nòm gradyasyon yo anplas pou elèv ki ka pa vle ale nan kolèj, men olye de sa, yo jwenn yon travay aplentan pandan y ap fè yon bagay yo renmen. Elèv sa yo pa bezwen ranpli tout kondisyon yo pou yo antre nan kolèj. Anpil kolèj pa egzijè 2 lane lang.

# DONE TRANSIZYON DELAWARE

Yo ka konsidere tranzisyon an tankou yon pon ant pwogram lekòl yo ak opòtinite vi granmoun yo, tankou edikasyon siperyè oswa fòmasyon, travay, vi apa ak patisipasyon nan kominote.

Biwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (tankou Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankouraje ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezilta timoun ki gen andikap yo dapre IDEA. Eta yo gen egzijans pou yo devlope yon Plan Pèfòmans nan nivo Eta k ap dekri kòman li pral amelyore rezilta timoun ki gen andikap yo sou yon peryòd 4 lane epi pou bay rapò sou pwogrè a chak ane. Rezilta yo kouvri domèn tankou tankou kantite gradyasyon, kantite abandon, patisipasyon ak pèfòmans nan lekti ak matematik, ansanm avèk respè pou lwa sou edikasyon yo



## Endikatè 2 - Kantite Moun ki kite lekòl

Pousantaj jèn ki nan IEP yo ki ap abandone etid segondè yo

### Mezi ak Kalkil:

Tout etidyan ak IEP (ki gen soti nan laj 14 lane rive 21 lane) ki te kite lekòl akoz abandon

Tout etidyan ak IEP (ki gen soti nan laj 14 lane rive 21 lane) ki te kite lekòl ak yon diplòm òdinè oswa yon lòt, ki vyeyi, oswa ki abandone

### Sous Done ak Rezilta yo:

Ane Fiskal Federal	2013	2014	2015	2016	2017	2018	2019
Kantite jèn ki gen IEP (ki gen soti nan laj 14 lane rive 21 lane) ki te kite lekòl sou kritè abandon:	141	121	112	174	171	147	163
Kantite jèn ki gen IEP (ki gen soti nan laj 14 lane rive 21 lane) ki te kite lekòl segondè:	1,116	1,007	886	929	994	1,214	1,393
Pousantaj jèn ki gen IEP (ki gen soti nan laj 14 lane rive 21 lane) ki te kite lekòl ak yon abandon:	12.6%	12.0%	12.6%	18.7%	17.2%	12.1%	11.7%
Sib ane a:	5.1%	5.2%	4.9%	4.6%	4.3%	4.0%	3.7%

Nòt: Done pou endikatè sa se "lag" data. Dekri ansanm rezilta egzamen done ke Eta a fè pou ane a avan ane deklarasyon an (pa egzanp, pou FFY 2020 SPP/APR la, itilize done apati 2019-2020), epi konpare rezilta yo ak objektif la.



## Endikatè 2: Pousantaj Abandon

**Gwoup ki Konsène yo:** Pou endikatè sa a, yo te òganize 15 reyinyon avèk moun ki konsène yo, ki gen ladan Kad Tranzisyon Nan Tout Eta a, Seyans Dine-Konferans an kolaborasyon avèk Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware, Divizyon Andikap Vizyèl Konsèy Konsiltatif Reyadaptasyon Pwofesyonèl, Konsèy Andikap Devlopman yo, Komisyon Travay An Premye, Konsèy Konsiltatif Gouvènè pou Sitwayen Eksepsyonèl (Komite Konsiltatif Leta IDEA) ak Direktè Edikasyon Espesyal LEA yo.

Endikatè 2: Pousantaj Abandon							
Ane Referans	Done Referans	Objektif: 2020	Objektif: 2021	Objektif: 2022	Objektif: 2023	Objektif: 2024	Objektif: 2025
2020	8.57%	8.57%	8.27%	7.97%	7.67%	7.37%	7.07%

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo Konsènan Objektif yo:

- 1% diminisyon chak ane
- .5% diminisyon chak ane
- .3% diminisyon chak ane

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo ak Aktivite Amelyorasyon yo Sijere yo:

- Yon ogmantasyon konsantrasyon nan sa ki gen pou wè ak fini etid ta ka rezilta yon pi bon koneksyon avèk kolèj ak travay
- Ofri opòtinite aprantisaj nan lekòl pou moun aprann metye pou pi byen ekspoze elèv yo ak lòt karyè
- Angaje nan planifikasyon tranzisyon ki gen plis sans
- Li esansyèl pou gen konvèsasyon ak elèv yo ak paran yo epi edike yo sou opsyon elèv la genyen yo. Mwen pa panse paran yo toujou okouran sou sa ki la pou yo.
- Kòmanse rekiperasyon kredi nan klas anvan yo
- Aprantisaj nan lekòl pou moun aprann metye yo
- Ogmante pwogram mantò ki siyifikatif pou jèn ki gen risk yo.
- Bay enfòmasyon apwopriye pou lòt altènativ, plis suivi.
- Kontinye ensiste sou enpòtans ki genyen nan, entegre obsèvasyon travay nan orè yo epi gen ko-relasyon avèk pwofesè yo sou fason sa a aliyen ak Nòm Eta Debaz Komen pou li pa sanble elèv la manke travay oswa rate kou.

# DONE TRANZIZYON DELAWARE

Yo ka konsidere tranzisyon an kòm yon pon ant pwogram lekòl yo ak opòtinite lavi adilt yo, tankou edikasyon siperyè oswa fòmasyon, travay, lavi endepandan ak patisipasyon kominote a.

Biwo Pwogram Edikasyon Espesyal Depatman Edikasyon Etazini (OSEP) te travay ak Ajans Edikasyon Leta yo (ki gen ladan Depatman Edikasyon Delaware) pou ankouraje ak sipòte chanjman nan edikasyon ki pral amelyore rezilta pou timoun andikap anba IDEA. Eta yo oblije devlope yon Plan Pèfòmans Eta (SPP) ki dekri kijan li pral amelyore rezilta pou elèv ki gen andikap sou yon peryòd 4 ane epi fè rapò chak ane sou pwogrè. Rezilta yo enkli zòn sa yo kòm lo gradyasyon, pousantaj abandon, patisipasyon ak pèfòmans nan evalyasyon nan lekli ak matematik, osi byen ke konfòmite ak tout lwa edikasyon espesyal.



## Endikatè 13 – Tranzisyon nan IEP a

Pousantaj jèn ki gen IEP ki gen laj 14 an oswa pi wo, oswa ki nan 8yèm ane eskolè, ki gen yon IEP ki gen ladann objektif apre segondè ki mezire apwopriye ki:

- Yo mete ajou chak ane epi baze sou yon evalyasyon tranzisyon ki apwopriye pou laj yo;
- Dokimande aktivite ak sèvis tranzisyon mezirab (pou ane lekòl aktyèl la), ki gen ladan kou etid, ki pral pèmèt elèv la rezonab pou atenn objektif apre segondè sa yo;
- Mete objektif IEP anyèl ki gen rapò ak bezwen sèvis tranzisyon elèv la;
- Bay prèv ke yo te envite elèv la nan reyinyon Ekip IEP a kote yo diskite sou sèvis tranzisyon yo; epi
- Bay prèv ke, si sa apwopriye, yo te envite yon reprezantan nenpòt ajans k ap patisipe ki responsab pou bay oswa peye pou sèvis tranzisyon yo nan reyinyon Ekip IEP a ak konsantman davans paran an, oswa elèv ki gen laj. majorite.

Ane Fiskal Federal	2013	2014	2015	2016	2017	2018	2019
Kantite jèn ki gen laj 14 an oswa pi plis ki gen IEP ki genyen chak eleman obligatwa pou tranzisyon segondè:	77	6 820	7 700	7 675	8 514	8 034	9 304
Kantite jèn ki gen IEP ki gen laj 14 an oswa plis:	159	6 949	7 760	7 734	8 514	8 318	9 314
Pousantaj nan jèn ki gen laj 14 ak ak plis a oswa nan klas 8yèm ane ak IEP ki genyen chak nan eleman obligatwa pou tranzisyon segondè:	48,4%	98,1%	99,2%	99,2%	100,0%	96,6%	99,9%

**Objektif yo dwe 100%.**

## Endikatè 13: Tranzisyon nan IEP a

**Gwoup ki Konsène yo:** Pou endikatè sa a, yo te òganize 15 reyinyon avèk moun ki konsène yo, ki gen ladan Kad Tranzisyon Nan Tout Eta a, Seyans Dine-Konferans an kolaborasyon avèk Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware, Divizyon Andikap Vizyèl Konsèy Konsiltatif Reyadaptasyon Pwofesyonèl, Konsèy Andikap Devlopman yo, Komisyon Travay An Premye, Konsèy Konsiltatif Gouvènè pou Sitwayen Eksepsyonèl (Komite Konsiltatif Leta IDEA) ak Direktè Edikasyon Espesyal LEA yo.

Endikatè 13: Tranzisyon nan IEP a							
Ane Referans	Done Referans	Objektif: 2020	Objektif: 2021	Objektif: 2022	Objektif: 2023	Objektif: 2024	Objektif: 2025
2020	98.85%	100%	100%	100%	100%	100%	100%

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo Konsènan Objektif yo:

- Yo egzije yon objektif konfòmite 100%.

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo ak Aktivite Amelyorasyon yo Sijere yo:

- Mande Ajans Leta yo pou yo pale ak ADMIN sou enpòtans Tranzisyon, Sèvis Tranzisyon Anvan Travay (Pre-Ets), elatriye.
- Gen pi bon diskisyon sou fason reyalizasyon yon travay obsèvasyon epi apre sa ekri yon redaksyon refleksyon ka toujou konte epi yo ka mezire l kòm yon devwa sou Nòm Eta Debaz Komen. Ou dwe kreyatif. Kisa nou vrèman mezire nan klas, pandan Aprantisaj Ki Baze Sou Travay (Work-based Learning, WBL), elatriye.
- Kontinye fè rechèch sou evalyasyon yo pou devlope objektif tranzisyon yo.
- lis verifikasyon, sesyon enfòmasyon sou planifikasyon tranzisyon pou edike paran ak elèv yo.
- Jwenn plis sipò nan men kominote a.
- Itilize plis pwogram pandan ete a
- Rediksyon chaj travay yo (oswa kantite travay) pou pwofesè edikasyon espesyal yo pou yo ka pase plis tan travay ak chak elèv sou planifikasyon tranzisyon ak siksè akademik.
- Chèche konnen ki kote yo te fè kèk erè epi korije yo
- Tranzisyon nan DDOE fèt san pwoblèm avèk kle kominikasyon

# DONE TRANSIZYON DELAWARE

Yo ka konsidere tranzisyon an antanke yon pon ant pwogram lekòl yo ak opòtinite vi granmoun yo, tankou edikasyon siperyè oswa fòmasyon, travay, vi apa ak patisipasyon nan kominote.

Etazini. Biwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (sa ki gen ladan l Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankouraje ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezilta timoun ki ap viv ak andikap yo selon IDEA. Yo egziye Eta yo pou yo devlope yon Plan Pefòmans nan nivo Eta (SPP) k ap dekri kòman li pral amelyore rezilta yo pou timoun ki ap viv ak andikap yo sou yon peryòd 4 lane epl pou bay rapò sou pwogrè a chak ane. Rezilta yo kouvri domèn tankou, tankou to gradyasyon, to abandon, patisipasyon ak pefòmans nan evalyasyon lekti ak matematik, ansanm avèk respè tout lwa sou edikasyon espesyalize yo



## Endikatè 14 – Rezilta Aprè Etid Segondè yo 1-Lane Aprè Fen Etid la (Mezi A) (Measure A)

Pousantaj jèn ki pa nan lekòl segondè ankò, ki te gen IEP yo an vigè nan moman yo te kite lekòl la epi ki te:

A. enskri nan etid siperyè nan ane ki suiv fen etid segondè a.

### Mezi:

Pousantaj ki te enskri nan edikasyon siperyè = (Mezi A) ki te enskri sou baz tan plen oubyen tan pasyèl nan yon kolèj kominotè (yon pwogram de lane) oubyen kolèj/inivèsite (yon pwogram ki dire kat lane oubyen plis) pandan pou pi piti yon trimès konplè, nan nenpòt moman nan ane a depi yo te fin fè etid segondè a.

Ane Fiskal Federal	2013	2014	2015	2016	2017	2018	2019
Kantite jèn ki gen IEP an vigè yo nan moman yo te kite lekòl la:	390	455	347	471	732	616	674
<b>14A</b> Kantite jèn ki gen IEP yo an vigè nan moman yo te kite lekòl la ki te enskri nan edikasyon siperyè nan ane ki suiv fen etid segondè yo a:	77	286	219	233	303	281	360
<b>14A</b> Kantite jèn ki gen IEP yo an vigè nan moman yo te kite lekòl la ki te enskri nan edikasyon siperyè nan ane ki suiv fen etid segondè yo a:	20%	63%	63%	49%	41%	46%	53%
<b>14A</b> Objektif ane a:	21.0%	25.0%	29.0%	33.0%	37.0%	41.0%	45.0%

# DONE TRANSIZYON DELAWARE

Yo ka konsidere tranzisyon an antanke yon pon ant pwogram lekòl yo ak opòtinite vi granmoun yo, tankou edikasyon siperyè oswa fòmasyon, travay, vi apa ak patisipasyon nan kominote.

Etazini. Biwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (sa ki gen ladan l Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankouraje ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezilta timoun ki ap viv ak andikap yo selon IDEA. Yo egzije Eta yo pou yo devlope yon Plan Pèfòmans nan nivo Eta (SPP) k ap dekri kòman li pral amelyore rezilta yo pou timoun ki ap viv ak andikap yo sou yon peryòd 4 lane epi pou bay rapò sou pwogrè a chak ane. Rezilta yo kouvri domèn tankou tankou to gradyasyon, to abandon, patisipasyon ak pèfòmans nan evalyasyon lekti ak matematik, ansanm avèk respè tout lwa sou edikasyon espesyalize yo



## Endikatè 14 – Rezilta Aprè Etid Segondè yo 1-Lane Aprè Fen Etid la (Mezi A) (Measure B)

Pousantaj jèn ki pa nan lekòl segondè ankò, ki te gen IEP yo an vigè nan moman yo te kite lekòl la epi ki te:

B. enskri nan etid siperyè oubyen yo te anplwaye sou baz konkou nan ane ki suiv fen etid segondè a.

### Mezi:

Pousantaj ki enskri nan edikasyon siperyè oubyen ki anplwaye sou baz konkou nan ane ki suiv fen etid segondè a = (Mezi A + B) “anplwa entegre sou baz konkou” konsèvasyon estanda 20 è d tan pa semèn nan, nan nivo oubyen pi wo pase salè minimòm nan, ak pandan pou pi piti 90 jou nan nenpòt moman nan ane a depi fen etid segondè a. Definisyon sa aplike pou aplwa militè

Ane Fiskal Federal	2013	2014	2015	2016	2017	2018	2019
Kantite jèn ki gen IEP an vigè yo nan moman yo te kite lekòl la:	390	455	347	471	732	616	674
<b>14B</b> Kantite jèn ki gen IEP yo an vigè nan moman yo te kite lekòl laki te enskri nan edikasyon siperyè oubyen ki te anplwaye sou baz konkou nan ane ki suiv fen etid segondè yo a:	205	358	282	389	455	453	495
<b>14B</b> pousantaj jèn ki gen IEP yo an vigè nan moman yo te kite lekòl ki te enskri nan edikasyon siperyè oubyen ki te anplwaye sou baz konkou nan ane ki suiv fen etid segondè yo a:	53%	79%	81%	83%	62%	74%	73%
<b>14B</b> Objektif ane a:	52.0%	56.0%	60.0%	64.0%	68.0%	72.0%	76.0%

# DONE TRANZISYON ETA DELAWARE

Yo ka konsidere tranzisyon an anfanke yon pon ant pwogram lekòl yo ak opòtinite vi granmoun yo, tankou edikasyon siperyè oswa fòmasyon, travay, vi apa ak patisipasyon nan kominote.

Biwo Federal Pwogram Edikasyon Espesyal la (OSEP) egzije Eta yo pou yo founi distrik lekòl yo ak afrètman yo ke yo rele tou Ajans Edikasyon Lokal yo (LEAs) ak yon rapò chak ane sou pèfòmans ki lye ak Patikilye Eta yo avèk Lwa sou Edikasyon Moun Andikape yo (IDEA) Plan Pèfòmans Anyèl Rapò Pèfòmans Anyèl (SPP/APR).



## Endikatè 14 – Rezilta Aprè Etid Segondè yo Segondè yo 1-Lane Aprè Fen Etid la (Mezi A) (Measure C)

Pousantaj jèn ki pa nan lekòl segondè ankò, ki te gen IEP yo an vigè nan moman yo te kite lekòl la epi ki te:

C. enskri nan ansèyman siperyè oubyen nan lòt etid siperyè oubyen pwogram fòmasyon fòmèl, anplwaye sou baz konkou oubyen angaje nan yon lòt anlwa nan ane ki suiv fen etid segondè a.\*

**Mezi: A + B + C**

Ane Fiskal Federal	2013	2014	2015	2016	2017	2018	2019
Kantite jèn ki gen IEP an vigè yo nan moman yo te kite lekòl la:	390	455	347	471	732	616	674
<b>14C</b> Kantite jèn ki gen IEP an vigè nan moman yo te kite lekòl ki te enskri nan ansèyman siperyè oubyen nan lòt etid siperyè oubyen pwogram fòmasyon, anplwaye sou baz konkou oubyen nan yon lòt anlwa nan ane ki suiv fen etid segondè a. etid segondè a:	256	376	298	406	597	499	591
<b>14C</b> Pousantaj jèn ki gen IEP yo an vigè nan moman yo te kite lekòl enskri ki te enskri nan ansèyman siperyè oubyen nan lòt etid siperyè oubyen pwogram fòmasyon, anplwaye sou baz konkou oubyen nan yon lòt anlwa nan ane ki suiv fen etid segondè a:	66%	83%	86%	86%	82%	81%	88%
<b>14C</b> Objektif ane a:	100.0%	100.0%	100.0%	100.0%	100.0%	100.0%	100.0%

\*te enskri nan yon lòt Ansèyman Siperyè oubyen fòmasyon vle di jèn yo enskri a tan plen oubyen a tan pasyèl pou pi piti 1 trimès konplè nan nenpòt moman nan ane a depi lè yo te fin Lekòl segondè a nan yon pwogram edikasyon oubyen fòmasyon (pa egzanp Job Corps, Edikasyon moun ki majè, Pwogram pèfeksyonman mendèv, lekòl teknik pwofesyonèl ki mwens pase yon pwogram de lane). ki te angaje nan lòt anlwa vle di jèn yo t ap travay pou resewa yon pèman (mwens pase 20 è d tan pa semèn) oubyen te yon anplwaye endepandan pou yon peryòd ki dire pou pi piti 90 jou nan nenpòt moman nan ane a depi yo fin fè etid segondè yo. Sa ki gen ladan l travay nan yon antrepriz famiyal (pa egzanp, aktivite agrikòl, boutik, lapèch, elvaj, sèvis tretè, elatriye.).

## Endikatè 14: Rezilta Apre Lekòl

**Gwoup ki Konsène yo:** Pou endikatè sa a, yo te òganize 15 reyinyon avèk moun ki konsène yo, ki gen ladan Kad Tranzisyon Nan Tout Eta a, Seyans Dine-Konferans an kolaborasyon avèk Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware, Divizyon Andikap Vizyèl Konsèy Konsiltatif Reyadaptasyon Pwofesyonèl, Konsèy Andikap Devlopman yo, Komisyon Travay An Premye, Konsèy Konsiltatif Gouvènè pou Sitwayen Eksepsyonèl (Komite Konsiltatif Leta IDEA) ak Direktè Edikasyon Espesyal LEA yo.

Endikatè 14: Rezilta Apre Lekòl								
Gwoup	Ane Referans	Done Referans	Objektif: 2020	Objektif: 2021	Objektif: 2022	Objektif: 2023	Objektif: 2024	Objektif: 2025
A >=	2020	44.14%	44.14%	46.14%	48.14%	50.14%	52.14%	54.14%
B >=	2020	64.82%	64.82%	66.82%	68.82%	70.82%	72.82%	74.82%
C >=	2020	87.69%	87.69%	100%	100%	100%	100%	100%

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo Konsènan Objektif yo:

**Endikatè 14 A:** 2% ogmantasyon chak ane

**Endikatè 14 B:** 2% ogmantasyon chak ane

**Endikatè 14 C:** 2% ogmantasyon chak ane

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo ak Aktivite Amelyorasyon yo Sijere yo:

#### Endikatè 14 A

- Pwofesè edikasyon espesyal yo, kowòdonatè edikasyon espesyal yo, ak espesyalis tranzisyon yo ogmante konsantrasyon yo nan fen dènye ane a pou asire yo enskri oswa anplwaye elèv yo.
- Lekòl ki akredite sou entènèt
- Yon koneksyon pi bonè avèk ajans pou granmoun yo t ap ede. Sepandan, akòz klima a depi COVID la, sa a pral difisil.
- Sèvis ki pi solid pou elèv ki gen andikap

#### Endikatè 14 B

- Pwofesè edikasyon espesyal yo, kowòdonatè edikasyon espesyal yo, ak espesyalis tranzisyon yo ogmante konsantrasyon yo nan fen dènye ane a pou asire yo enskri oswa anplwaye elèv yo.
- Lekòl ki akredite sou entènèt
- Yon koneksyon pi bonè avèk ajans pou granmoun yo t ap ede. Sepandan, akòz klima a depi COVID la, sa a pral difisil.

#### Endikatè 14 C

- E pou suivi/evalyasyon konpetans lavi endepandan yo?
- Eksplore opòtinite ki disponib lè patnè kominotè yo kòmanse louvri.
- Avèk kondisyon 90 jou youn apre lòt lan, sa ka diskalifye travay ete yo epi fè travay nan peryòd vakans yo pa konte.
- Plis tan pase ak chak elèv ak fanmi yo nan planifikasyon tranzisyon yo.

# DONE SOU EGALITE DELAWARE

Edikasyon ekkitab se pouswit reysisit, egalite, ak opòtinite nan edikasyon. Garanti yo pa sispann etidyan ki gen andikap yo pi plis pase kamarad yo se youn nan mwayen lekòl yo ka pwomouvwa egalite nan pratik disiplin lekòl yo.

Biwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (tankou Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankouraje ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezilta timoun ki gen andikap yo dapre IDEA. Eta yo gen egzijans pou yo devlope yon Plan Pèfòmans nan nivo Eta k ap dekri kòman li pral amelyore rezilta timoun ki gen andikap yo sou yon peryòd 4 lane epi pou bay rapò sou pwogrè a chak ane. Rezilta yo kouvri domèn tankou tankou kantite gradyasyon, kantite abandon, patisipasyon ak pèfòmans nan lekti ak matematik, ansanm avèk respè pou lwa sou edikasyon yo



## Endikatè4A - Gwo Divèjans

Pousantaj distri ki genyen yon gwo divèjans nan to sispansyon ak ekspilzyon pou pi plis pase 10 jou nan yon ane lekòl pou timoun ki nan IEP yo

### Mezi ak Kalkil:

kantite distri ki genyen gwo divèjans

kantite distri ki reponn ak dimansyon minimòm leta a (kantite etidyan)

### Done Divèjans Istorik

FFY	2014	2015	2016	2017	2018	2019
Target <=	0%	0%	0%	50%	50%	40%
Data	0%	4.65%	66.67%	100%	0%	0%

Number of Districts that met the states minimum n size of 10:

FFY 17: 6

FFY 18: 3

FFY 19: 3

# DONE SOU EGALITE DELAWARE

Edikasyon ekkitab se pouswit reyisit, egalite, ak opòtinite nan edikasyon. Garanti yo pa sispann etidyan ki gen andikap yo pi plis pase kamarad yo se youn nan mwayen lekòl yo ka pwomouvwa egalite nan pratik disiplin lekòl yo.

Biwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (tankou Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankouraje ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezilta timoun ki gen andikap yo dapre IDEA. Eta yo gen egzijans pou yo devlope yon Plan Pèfòmans nan nivo Eta k ap dekri kòman li pral amelyore rezilta timoun ki gen andikap yo sou yon peryòd 4 lane epi pou bay rapò sou pwogrè a chak ane. Rezilta yo kouvri domèn tankou tankou kantite gradyasyon, kantite abandon, patisipasyon ak pèfòmans nan lekti ak matematik, ansanm avèk respè pou lwa sou edikasyon yo



## Endikatè4B - Gwo Divèjans

Pousantaj distri ki genyen:

(a) yon gwo divèjans nan ras oswa gwoup etnik, nan to sispansyon ak ekspilzyon pou pi plis pase 10 jou nan yon ane lekòl pou timoun ki nan IEP yo; epi

(b) politik, pwosedi, oswa pratik ki kontribye nan gwo divèjans lan epi ki pa respekte ansanm egzijans ki lye ak devlopman ak aplikasyon IEP yo, itilizasyon entèvansyon ak sipò nan sa ki gen pou wè ak konpòtman pozitif ak garanti pwosediral yo.

### Mezi ak Kalkil:

kantite distri ki genyen politik, pwosedi oswa pratik ki kontribye nan gwo divèjans lan epi ki pa respekte egzijans yo

kantite distri ki reponn ak dimansyon minimòm leta a (kantite etidyan)

### Done Divèjans Istorik

FFY	2014	2015	2016	2017	2018	2019
Target	0%	0%	0%	0%	0%	0%
Data	0%	4.65	100%	50.00%	0%	0%

**Number of Districts that met the states minimum n size of 10:**

**FFY 17: 6**

**FFY 18: 3**

**FFY 19: 3**

## Endikatè 4A/4B: Diferans Siyifikatif ki Gen Rapò ak Sispanasyon/Ekspilsyon

**Gwoup ki Konsène yo:** Pou endikatè sa a, yo te òganize 11 reyinyon avèk moun ki konsène yo, ki gen ladan Konsèy Konsiltatif Paran LEA yo, Seyans Dine-Konferans an kolaborasyon avèk Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware, Konsèy Konsiltatif Gouvènè pou Sitwayen Eksepsyonèl yo (Komite Konsiltatif Leta IDEA), Direktè Edikasyon Espesyal LEA yo, Kad Pwojè Sipò pou Konpòtman Pozitif Delaware (Delaware Positive Behavior Support Project, DE-PBS) ak Gwoup ki Konsène sou Ekite nan IDEA.

Endikatè 4A: Sispanasyon/Ekspilsyon							
Ane Referans	Done Referans	Objektif: 2020	Objektif: 2021	Objektif: 2022	Objektif: 2023	Objektif: 2024	Objektif: 2025
2017	100%	40%	32%	32%	32%	32%	32%

Endikatè 4B: Sispanasyon/Ekspilsyon							
Ane Referans	Done Referans	Objektif: 2020	Objektif: 2021	Objektif: 2022	Objektif: 2023	Objektif: 2024	Objektif: 2025
2017	50%	0%	0%	0%	0%	0%	0%

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo Konsènan Objektif pou 4A:

- Èske nou ta dwe tann pou n fikse objektif akòz COVID?
- Objektif yo ta dwe pi wo pase 32% akòz COVID
- Kenbe objektif ki fikse yo nan 32%
- Diminisyon objektif nan 32%
- Bezwen ki genyen pou ogmante gwosè N ki twò difisil pou fikse objektif
- Pousantaj nimerik yo sijere pou objektif APR FFY 2020 – 2025:

	FFY 2020	FFY 2021	FFY 2022	FFY 2023	FFY 2024	FFY 2025
#1	40%	32%	32%	40%	40%	32%
#2	40%	32%	50%	40%		
#3	40%	32%	32%	40%	40%	32%
#4	40%	32%	32%	32%	32%	32%
#5	40%	32%	32%	32%	32%	32%
#6	40%	32%	32%	25%	25%	25%
#7	40%	32%	32%	25%	25%	25%

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo ak Aktivite Amelyorasyon yo Sijere yo:

- Ajans Edikasyon Lokal yo (Local Education Agencies, LEA) bezwen gade byen kòd konduit yo a
- LEA ki te fè sa yo te wè chanjman enpòtan
- Sistèm Sipò Plizyè Nivo (Multi-Tiered System of Supports, MTSS) ede LEA yo
- MTSS
- Apwofondi Ekip pou Rezoud Pwoblèm/Aprantisaj Sosyal-Emosyonèl (Social-Emotional Learning SEL)
- Suivi Done yo nan trasè l

- Pi plis fòmasyon sou fonksyon Konpòtman yo
- Chanje Gwosè N pou plis lekòl parèt
- Plis devlopman pwofesyonèl pou manm estaf yo konprann chòk nan lavi yon elèv
- Devlopman Pwofesyonèl sou Prejije Enplisit ak Pratik Reparatif
- Plis fòmasyon sou sante mantal pou pwofesè yo, administratè ak ansèyman siperyè

# DONE SOU EGALITE DELAWARE

Yon mezi edikasyon ekkitab ap asire ke etidyan ki ap viv ak andikap yo pa idantifye yon mannyè ki pa apwopriye pou edikasyon espesyalize a oubyen sèvis ki lye yo selon ras oubyen orijin etnik yo. MTSS ak pedagoji diferansye a ede anpeche idantifikasyon timoun yo yon mannyè ki pa apwopriye pou edikasyon espesyalize a: olye de sa, pratik sa yo pèmèt etidyan yo resevwa sipò ak entèvansyon yo selon bezwen espesyal yo genyen nan kad pwogram edikasyon jeneral yo.

Etazini. Biwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (sa ki gen ladan l Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankouraje ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezilta timoun ki ap viv ak andikap yo selon IDEA. Yo egzije Eta yo pou yo devlope yon Plan Pèfòmans nan nivo Eta (SPP) k ap dekri kòman li pral amelyore rezilta yo pou timoun ki ap viv ak andikap yo sou yon peryòd 4 lane epi pou bay rapò sou pwogrè a chak ane. Rezilta yo kouvri domèn tankou, tankou to gradyasyon, to abandon, patisipasyon ak pèfòmans nan evalyasyon lekti ak matematik, ansanm avèk respè tout lwa sou edikasyon espesyalize yo



## Endikatè 9 - Reprèzantasyon ki pa ekilibre yo

Pousantaj distrik ki gen reprèzantasyon ki pa ekilibre gwoup rasyal yo ak gwoup etnik yo nan edikasyon espesyalize ak sèvis ki lye ak yo ki se rezilta idantifikasyon ki pa ekilibre.

### Mezi & Kalkil:


# etidyan yo nan X gwoup etnik/rasyal nan Y (kategori andikap)

Total # "X" (gwoup etnik/rasyal) nan popilasyon lekòl yo

# tout lòt etidyan ki ap viv ak andikap non-"X" yo

Total # non-"X" nan popilasyon ekolye a

### Done Istorik ki pa ekilibre yo



## Endikatè 9: Reprèzantan Dispwoòsyonèl

**Gwoup ki Konsène yo:** Pou endikatè sa a, yo te òganize 10 reyinyon avèk moun ki konsène yo, ki gen ladan Konsèy Konsiltatif Paran LEA yo, Seyans Dine-Konferans an kolaborasyon avèk Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware, Konsèy Konsiltatif Gouvènè pou Sitwayen Eksepsyonèl yo (Komite Konsiltatif Leta IDEA), Direktè Edikasyon Espesyal LEA yo, ak Gwoup ki Konsène sou Ekite nan IDEA.

Endikatè 9: Reprèzantan Dispwoòsyonèl							
Ane Referans	Done Referans	Objektif: 2020	Objektif: 2021	Objektif: 2022	Objektif: 2023	Objektif: 2024	Objektif: 2025
2020	2.56%	0%	0%	0%	0%	0%	0%

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo Konsènan Rapò Risk Relatif/"Nivo Eta a":

2.0	2.0	2.0	2.0	2.0	1.75	1.75	1.75	2.25	2.0 oswa 2.25
-----	-----	-----	-----	-----	------	------	------	------	---------------

- Li pa fè sans pou Delaware tèlman diferan de lòt eta yo. Mwen rekòmande pou gade 2.25 men pa ale jiska 3.0
- 2.25 men pa jiska 3.0 Li pa fè sans pou diferan konsa. Li ta dwe yon avètisman bonè pou Dispwoòsyonalite Siyifikatif. Nesesite pou sipòte Ajans Edikasyon Lokal (Local Education Agencies, LEA) ki pi nan bezwen yo. Etablisman (lekòl) yo souvan jwenn elèv ki soti lòt kote epi yo pa ka kontwole pwosesis idantifikasyon an. Nesesite pou sa a se yon pwosesis sipò
- Petèt nou ba konsa paske nou se yon bon mezi sansiblite parapò ak lòt eta ki pi wo yo
- Dakò monte nivo a
- Nivo eta ki ba a ouvè je
- Wi, pou ogmante
- 2.0 dèske Rapò Rezime Evalyasyon yo pa respekte yo fèb
- 2.0 dèske nou konpare konpozisyon nou an nan nivo nasyonal ak lòt eta yo

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo ak Aktivite Amelyorasyon yo Sijere yo:

- Administratè yo evalye Rapò Rezime Evalyasyon sikològ lekòl yo fè epi kòmanse konvèsasyon sou pwosesis la
- Rankontre kòm yon ekip ak egzamine
- Egzamine chak referans
- Sistèm Sipò Plizyè Nivo (Multi-Tiered System of Supports, MTSS)
- Plis anplwaye nesèsè-anplwaye sipò emosyonèl ak Analis Konpòtman Konsèy la Sètifye
- Bezwen plis anplwaye
- Plis sipò nan Nivo 2 a
- Pwoblèm anplwaye ak chaj travay sipleman yo fè li difisil
- Pi bon kominikasyon ak paran yo atravè pwosesis la
- Gwo foul timoun ki gen pwoblèm espèk, yo bezwen sipò pou yo
- Sipò nan Nivo 2 ak sistèm sipò pou timoun ki sibi chòk
- Plis devlopman pwofesyonèl
- Entèvansyon Pwo-aktif MTSS
- MTSS ak revize pwosesis Edikasyon Espesyal nan Devlopman Pwofesyonèl

- Konnen done ou yo
- Fòmasyon ki adapte ak kiltirèl
- Diferan konvèsasyon ak pwofesè yo ak fason nou sipòte elèv yo ak wè tandans yo
- Etidye Ensidan yo epi chèche yon tandans. Devlopman Pwofesyonèl
- Lè nou konsidere popilasyon jeneral la ak demografi lekòl la
- Plis patisipasyon paran yo
- Plis MTSS epi kenbe LEA yo responsab paske yo pa aplike
- Fòm pwofesè yo sou syans pou anseye lekti, ekriti ak matematik-sa rive nan pwogram fòmasyon ansèyman

# DONE SOU EKITE ETA DELAWARE

Yon mezi edikasyon ekitab ap asire ke yo pa idantifye yon mannyè ki pa apwopriye etidyan ki ap viv ak andikap yo pou edikasyon espesyalize a oubyen sèvis ki lye yo selon ras oubyen orijin etnik yo. MTSS ak pedagoji diferansye a ede anpeche idantifikasyon etidyan yo yon mannyè ki pa apwopriye pou edikasyon espesyalize a: olye de sa, pratik sa yo pèmèt etidyan yo resevwa sipò ak entèvansyon yo selon bezwen espesyal yo genyen nan kad pwogram edikasyon jeneral yo

Etazini. Biwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (sa ki gen ladan l Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankouraje ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezilta timoun ki ap viv ak andikap yo selon IDEA. Yo egzije Eta yo pou yo devlope yon Plan Pèfòmans nan nivo Eta (SPP) k ap dekri kòman li pral amelyore rezilta yo pou timoun ki ap viv ak andikap yo sou yon peryòd 4 lane epi pou bay rapò sou pwogrè a chak ane. Rezilta yo kouvri domèn tankou, tankou to gradyasyon, to abandon, patisipasyon ak pèfòmans nan evalyasyon lekti ak matematik, ansanm avèk respè tout lwa sou edikasyon espesyalize yo



## Endikatè 10 - Reprèzantasyon ki pa ekilibre yo


Pousantaj distrik ki gen reprèzantasyon ki pa ekilibre gwoup rasyal yo ak gwoup etnik yo nan kategori andikap espesifik yo ki se rezilta idantifikasyon ki pa apwopriye..

### Mezi & Kalkil:

# etidyan yo nan "X" (gwoup etnik/rasyal) nan "Y" (kategori andikap)  
Total # etidyan nan "X" (gwoup etnik/rasyal nan lekòl yo)

# lòt etidyan nan "Y" (kategori andikap) Total # lòt etdyan nan popilasyon ekolye a

### Done Istorik ki pa ekilibre yo



## Endikatè 10: Reprèzantan Dispwoòsyonèl: Kategori Andikap

**Gwoup ki Konsène yo:** Pou endikatè sa a, yo te òganize 10 reyinyon avèk moun ki konsène yo, ki gen ladan Konsèy Konsiltatif Paran LEA yo, Seyans Dine-Konferans an kolaborasyon avèk Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware, Konsèy Konsiltatif Gouvènè pou Sitwayen Eksepsyonèl yo (Komite Konsiltatif Leta IDEA), Direktè Edikasyon Espesyal LEA yo, ak Gwoup ki Konsène sou Ekite nan IDEA.

Endikatè 10: Reprèzantan Dispwoòsyonèl: Kategori Andikap							
Ane Referans	Done Referans	Objektif: 2020	Objektif: 2021	Objektif: 2022	Objektif: 2023	Objektif: 2024	Objektif: 2025
2020	2.56%	0%	0%	0%	0%	0%	0%

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo Konsènan Rapò Risk Relatif/"Nivo Eta a":

2.0	2.0	2.0	2.0	2.0	1.75	1.75	1.75	2.25	2.0 oswa 2.25
-----	-----	-----	-----	-----	------	------	------	------	---------------

- Li pa fè sans pou Delaware tèlman diferan de lòt eta yo. Mwen rekòmande pou gade 2.25 men pa ale jiska 3.0
- 2.25 men pa jiska 3.0 Li pa fè sans pou diferan konsa. Li ta dwe yon avètisman bonè pou Dispwoòsyonalite Siyifikatif. Nesesite pou sipòte Ajans Edikasyon Lokal (Local Education Agencies, LEA) ki pi nan bezwen yo. Etablisman (lekòl) yo souvan jwenn elèv ki soti lòt kote epi yo pa ka kontwole pwosesis idantifikasyon an. Nesesite pou sa a se yon pwosesis sipò
- Petèt nou ba konsa paske nou se yon bon mezi sansiblite parapò ak lòt eta ki pi wo yo
- Dakò monte nivo a
- Nivo eta ki ba a ouvè je
- Wi, pou ogmante
- 2.0 dèske Rapò Rezime Evalyasyon yo pa respekte yo fèb
- 2.0 dèske nou konpare konpozisyon nou an nan nivo nasyonal ak lòt eta yo

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo ak Aktivite Amelyorasyon yo Sijere yo:

- Administratè yo evalye ESR sikològ lekòl yo fè epi kòmanse konvèsasyon sou pwosesis la
- Rankontre kòm yon ekip ak egzamine
- Egzamine chak referans
- Sistèm Sipò Plizyè Nivo (Multi-Tiered System of Supports, MTSS)
- Plis anplwaye nesèsè-anplwaye sipò emosyonèl ak Analis Konpòtman Konsèy la Sètifye
- Bezwen plis anplwaye
- Plis sipò nan Nivo 2 a
- Pwoblèm anplwaye ak chaj travay sipleman yo fè li difisil
- Pi bon kominikasyon ak paran yo atravè pwosesis la
- Gwo foul timoun ki gen pwoblèm espèk, yo bezwen sipò pou yo
- Sipò nan Nivo 2 ak sistèm sipò pou timoun ki sibi chòk
- Plis devlopman pwofesyonèl
- Entèvansyon Pwo-aktif MTSS
- MTSS ak revize pwosesis Edikasyon Espesyal nan Devlopman Pwofesyonèl

- Konnen done ou yo
- Fòmasyon ki adapte ak kiltirèl
- Diferan konvèsasyon ak pwofesè yo ak fason nou sipòte elèv yo ak wè tandans yo
- Etidye Ensidan yo epi chèche yon tandans
- Lè nou konsidere popilasyon jeneral la ak demografi lekòl la
- Plis patisipasyon paran yo
- Plis MTSS epi kenbe LEA yo responsab paske yo pa aplike
- Fòm pwofesè yo sou syans pou anseye lekti, ekriti ak matematik-sa rive nan pwogram fòmasyon ansèyman

# DONE SOU ANVIWONNMAN KI MWENS RESTREN NAN DELAWARE

Anviwonman ki mwens restren (LRE) pa yon kote — se yon prensip k ap gide pwogram edikasyon yon timoun. Tout timoun ta dwe genyen opòtinite pou li edike, nan pi gwo mezi posib, ansanm ak kamarad kominote li yo. Aplikasyon prensip sa ka sanble diferan pou chak timoun paske chak timoun pa menm.

Biwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (tankou Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankouraje ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezilta timoun ki gen andikap yo dapre IDEA. Eta yo gen egzijans pou yo devlope yon Plan Pèfòmans nan nivo Eta k ap dekri kòman li pral amelyore rezilta timoun ki gen andikap yo sou yon peryòd 4 lane epi pou bay rapò sou pwogrè a chak ane. Rezilta yo kouvri domèn tankou tankou kantite gradyasyon, kantite abandon, patisipasyon ak pèfòmans nan lekti ak matematik, ansanm avèk respè pou lwa sou edikasyon yo



## Endikatè 5 – Anviwonman ki Mwens Restren

Pousantaj timoun ki gen laj pou lekòl ki nan Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) ki gen 5 lane epi ki enskri nan jadendanfan epi ki genyen ant 6 ak 21 lane nan anviwonman ki nan lis anba a.



### Setting A

Children with IEPs who are served in the regular classroom 80% or more of the day.

### Setting B

Children with IEPs who are served inside the regular classroom 40% or less of the day.

### Setting C

Children with IEPs who are served in separate schools, residential facilities, or homebound/hospital placements

## Done Istori sou Anviwonman ki Mwens Restren

	FFY	2014	2015	2016	2017	2018	2019	2020
<b>Setting A</b>	# of Students	120,74	12,385	12,577	13,530	14,023	14,646	14,578
	Target ≥	68.00%	69.00%	70.00%	71.00%	72.00%	72.00%	
	Data	67.63%	66.18%	65.72%	65.74%	64.680%	64.25%	65.54%
<b>Setting B</b>	# of Students	2,694	2,800	2,863	3,075	3,152	3,374	3,408
	Target <	15.50%	15.30%	15.10%	14.90%	14.70%	14.70%	
	Data	15.10%	14.96%	14.96%	14.94%	14.61%	14.80%	15.09%
<b>Setting C</b>	# of Students	969	1055	1044	1075	1059	1100	1113
	Target <	5.00%	4.80%	4.50	4.00%	3.50%	3.50%	
	Data	5.43%	5.64%	5.45%	5.22%	4.91%	4.83%	4.93%



## Endikatè 5: Anviwònman ki Gen Mwens Restriksyon

**Gwoup ki Konsène yo:** Pou endikatè sa a, yo te òganize 10 reyinyon avèk moun ki konsène yo, ki gen ladan Gwoup ki Konsène sou Ekite nan IDEA, seyans Dine-Konferans an kolaborasyon ak Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware, Konsèy Konsiltatif Gouvènè pou Sitwayen Eksepsyonèl yo (Komite Konsiltatif Leta IDEA) ak Direktè Edikasyon Espesyal LEA yo.

Endikatè 5: Anviwònman ki Gen Mwens Restriksyon								
Gwoup	Ane Referans	Done Referans	Objektif: 2020	Objektif: 2021	Objektif: 2022	Objektif: 2023	Objektif: 2024	Objektif: 2025
A >=	2020	64.54%	64.54%	65.54%	66.54%	67.54%	68.54%	69.54%
B >=	2020	15.09%	15.09%	14.59%	14.09%	13.59%	13.09%	12.59%
C >=	2020	4.93%	4.93%	4.73%	4.43%	4.03%	3.53%	3.03%

**Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo Konsènan Objektif yo:**

- Objektif la ta dwe pi agresif.

Kòmantè/Reyaksyon Anviwònman A							
Opsyon	% Vòt	2020	2021	2022	2023	2024	2025
1/A	38.45%	64.54%	65.54%	66.54%	67.54%	68.54%	69.54%
2/B	15.38%	64.54%	65.04%	65.54%	66.04%	66.54%	67.04%
3/C	46.15%	64.54%	72.00%	72.50%	73.00%	73.50%	74.00%

Kòmantè/Reyaksyon Anviwònman B							
Opsyon	% Vòt	2020	2021	2022	2023	2024	2025
1/A	33.33%	15.09%	14.89%	14.69%	14.49%	14.29%	14.09%
2/B	33.33%	15.09%	14.59%	14.09%	13.59%	13.09%	12.59%
3/C	33.33%	15.09%	14.70%	14.50%	14.30%	14.10%	13.90%

Kòmantè/Reyaksyon Anviwònman C							
Opsyon	% Vòt	2020	2021	2022	2023	2024	2025
A	1667%	4.93%	4.73%	4.53%	4.33%	4.13%	3.93%
2/B	50.00%	4.93%	4.73%	4.43%	4.03%	3.53%	3.03%
3/C	33.33%	4.93%	3.50%	3.30%	3.00%	2.50%	2.00%

### **Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo ak Aktivite Amelyorasyon yo Sijere yo:**

- Fòmè paran yo sou sa chak Anviwònman ki gen Mwens Restriksyon (Least Restrictive Environment, LRE) vle di pou pitit yo a. Fòmè anplwaye yo sou fason pou yo deside sou anviwònman "apwopriye".
- Sèvis Aprantisaj Pwofesyonèl ak ranfòsman ki baze nan lekòl yo
- An rezime lè w ap gade bezwen endividyèl inik yon timoun, Ajans Edikasyon Lokal la (Local Education Agency, LEA) bezwen gen fleksibilite pou li kapab kreyatif epi panse yon fason kreyatif ak orijinal si sa nesèsè pou bay timoun ki nan LRE a epi ki entèraji ak kanmarad tipik li yo nan yon nivo maksimòm epi ki gen aksè nan pwogram etid epi konpetans nivo eskolè yo yon edikasyon. Li sanble pwofesè yo ratrape yo ak kantite tan timoun nan pa pase ak kamarad tipik li yo men se pa sou kalite tan timoun nan pase a.
- Dwe gen 2 pwofesè nan chak sal. Mete plis asistan nan bilding lan.
- Diminye gwosè klas òdinè yo (sa vle di, anboche plis pwofesè!), itilize ko-pwofesè olye de yon pwofesè ki sètifiye pou de (2) bagay k ap anseye plis pase 20 elèv. Ogmante finansman nivo Debaz pou nou ka pi byen sipòte elèv yo nan yon salklas edikasyon regilye.
- Bay pwofesè òdinè ki gen elèv espesifik yo plis tan planifikasyon pou yo gen plis tan pou kolabore ak planifye ansèyman ak adaptasyon diferan. Bay plis finansman pou parapwofesyonèl, ki bezwen byen fòmè. Gen plis anplwaye sante mantal, ak yon chanm kalm/sansoryèl pou retire elèv ki tapajè yo nan salklas la.
- Devlopman pwofesyonèl pou pwofesè edikasyon jeneral pou pèmèt yo santi yo pi alèz pou yo gen elèv ki gen IEP nan salklas edikasyon jeneral la pandan yon pati nan jounen an.
- Ankouraje lekòl yo pou yo itilize yon apwòch ansèyman ekip nan salklas yo, pou redui nan tan y ap retire elèv yo nan salklas edikasyon jeneral la.
- Ankouraje lekòl yo ak ekip IEP yo pou yo revize plasman elèv yo apre premye peryòd nòt yo pou detèmine si yo vrèman bezwen yon anviwònman ki gen plis restriksyon.
- Li pa dwe chanje akòz anplwaye ki pa apwopriye, olye de sa, li ta dwe nan pi bon enterè elèv la. Yo pa ta dwe "vann" paran yo li nan yon estil pou pran yo nan pyèj ak chanjman avèk suivi ki pa ase.
- Ogmante gwosè fakilte a pou pèmèt gen 2 pwofesè nan yon salklas
- Koute pwofesè yo sou fason yon elèv pèfòman oswa li pa pèfòman.

### **Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo ak Aktivite Amelyorasyon yo Sijere yo – Anviwònman A:**

- Bay yon varyete adaptasyon ak modifikasyon.
- Diminye eksè idantifikasyon; Amelyore enstriksyon Nivo I;
- Bay LEA yo devlopman pwofesyonèl jan sa nesèsè nan domèn tankou entèvansyon, anrichisman, fason pou itilize sipò siplemantè anplwaye nan salklas la. Espesyalis entèvansyon ki ka bay sèvis akonpayman ak retrè t ap itil. Anplis de sa, li t ap yon avantaj pou bay yon peryòd siplemantè entèvansyon nan matematik ak/oswa langaj atizay pou travay sou konpetans epi ede ak travay nan salklas nan lòt klas yo.
- Bay sipò non sèlman nan Anglè/Langaj Atizay (English/Language Arts, ELA) ak Matematik men tou nan Syans, Syans Sosyal, lang ak Fòmasyon Pwofesyonèl/Teknik (Career/Technical Education, CTE). Ofri tan sipò akademik nan jounen an
- Asire w gen sipò ki apwopriye ak endividyèl pou pouse nan salklas regilye a.
- Elèv edikasyon jeneral ki resevwa entèvansyon nivo 3 yo resevwa ansèyman andeyò salklas regilye a, se menm senaryo a sofke yo konsidere youn kòm yon chanjman plasman e yo konsidere youn kòm yon entèvansyon
- Elèv ki gen pwoblèm atansyon sèlman bezwen rete nan anviwònman "A" ak sipò siplemantè anplwaye nan salklas la pou ranfòse, rekonsantre, ak sipòte ni elèv la ni pwofesè a.

### **Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo ak Aktivite Amelyorasyon yo Sijere yo – Anviwònman B:**

- Bay yon varyete sipò epi evalye efikasite yo.

- Pouse sipò; Adaptasyon IEP apwopriye;
- Mwen kwè sijesyon mwen te fè deja yo t ap ede nan domèn sa a tou.
- Gen yon plan pou fè elèv yo pase nan klas nivo A. Bay plis sipò nan klas sa yo. Fòm pwofesè edikasyon jeneral yo sou fason pou yo asire elèv yo ap resevwa lojman yo.
- Kontinye pouse sipò pandan yo gen sipò yon edikatè espesyal ki trè kalifye pou bay sipò pou matyè debaz yo.
- Yo ta dwe itilize anviwònman B pou sa li te ye a . “ yon sal resous”. Kote elèv yo fè ale vini pandan tout jounen an selon bezwen yo pou ansèyman espesyalize ak yon pwofesè kalifye ki ka anseye konpetans nan nivo eskolè lè l sèvi avèk materyèl nan nivo ansèyman timoun nan.

**Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo ak Aktivite Amelyorasyon yo Sijere yo – Anviwònman C:**

- Bay lekòl espesyal ak pwogram espesyal yo aksè nan pwogram edikasyon jeneral la
- ogmante kapasite pwofesè yo pou yo reponn ak bezwen endividyèl elèv yo; Revize objektif IEP yo pou asire yo apwopriye;
- Kontinye mete Travayè Swen Sante Mantal nan anviwònman lekòl la. Travayè MHC sa yo ta dwe devlope pwosesis alekri ak plan pou asire y ap itilize yo yon fason efikas. Ta dwe gen plan akonpayman ki enplike nenpòt lòt ajans eksteryè ki nesèsè.
- Gen Plan Sipò Konpòtman (Behavior Support Plans, BSPs) solid yo suiv ak fidelite. Anplwaye sipò siplemantè.
- Kreye IEP ki endividyèl epi mete ladan objektif ki trè espesifik pou ede yo reyisi nan lòt anviwònman pou mete pwofesè edikasyon espesyal ki trè kalifye ki ka bay sipò pou objektif akademik ak konpòtman.
- Elèv ki nan Anviwònman C LRE detèmine akòz bezwen akademik yo dwe kapab pase tan nan yon salklas ki adapte pou laj yo ak sipò pou bay modèl kanmarad epi travay sou konpetans sosyal. Tank timoun nan ap vin pi gran, li sanble opòtinite sa yo ap diminye.

# DONE CHILD FIND ETA DELAWARE

Lè yo resevwa konsantman ekri paran an pou yon evalyasyon inisyal pou sèvis edikasyon espesyalize yo, yo egzije lekòl la pou li fin fè evalyasyon an nan delè ki te prevwa a.

Etazini. Biwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (sa ki gen ladan l Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankouraje ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezilta timoun ki ap viv ak andikap yo selon IDEA. Yo egzije Eta yo pou yo devlope yon Plan Pèfòmans nan nivo Eta (SPP) k ap dekri kòman li pral amelyore rezilta yo pou timoun ki ap viv ak andikap yo sou yon peryòd 4 lane epi pou bay rapò sou pwogrè a chak ane. Rezilta yo kouvri domèn tankou, tankou to gradyasyon, to abandon, patisipasyon ak pèfòmans nan evalyasyon lekòl ak matematik, ansanm avèk respè tout lwa sou edikasyon espesyalize yo



## Endikatè 11 - Child Find

Pousantaj timoun ke yo te evalye nan 45 jou lekòl yo oubyen nan 90 jou sivil yo, selon sa ki mwens elve nan yo de a, pou resevwa otorizasyon paran pou evalyasyon inisyal la.


### Mezi & Kalkil:

$$\frac{\text{\# timoun yo te resevwa pou yo konsantman paran pou evalye yo}}{\text{\# timoun ki te sibi evalyasyon nan delè Eta a etabli delè}}$$

### Konparezon Done Child.Find yo Ak Ansanm Objektif Tan K ap Vini yo

FFY	2013	2014	2015	2016	2017	2018	2019
Number of children for whom parental consent to evaluate was received:	481	558	703	967	789	2764	2622
Number of children whose evaluations were completed within 60 days (or state-established timeline):	480	555	682	957	781	2743	2582
Percent of children whose evaluations were completed within 60 days (or state-established timeline):	99.8%	99.5%	97.0%	99.0%	99.4%	99.2%	98.5%
Year target:	100%	100%	100%	100%	100%	100%	100%

### Kantite Timoun Yo Evalye Avan Oubyen Aprè Delè Eta Delaware la an 2019



## Endikatè 11: Rechèch Timoun

**Gwoup ki Konsène yo:** Pou endikatè sa a, yo te òganize 10 reyinyon avèk moun ki konsène yo, ki gen ladan Autism Delaware, Endikatè 11 Gwoup ki Konsène, seyans Dine-Konferans an kolaborasyon ak Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware, Konsèy Konsiltatif Gouvènè pou Sitwayen Eksepsyonèl yo (Komite Konsiltatif Leta IDEA) ak Direktè Edikasyon Espesyal LEA yo.

Endikatè 11: Rechèch Timoun							
Ane Referans	Done Referans	Objektif: 2020	Objektif: 2021	Objektif: 2022	Objektif: 2023	Objektif: 2024	Objektif: 2025
2020	98.26%	100%	100%	100%	100%	100%	100%

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo Konsènan Objektif yo:

- Majorite moun ki konsène yo te dakò pou yo chanje baz la paske yo te santi se te ansyen done (2006, 91%).
- Moun ki gen enterè yo te diskite pou di Delaware te amelyore koleksyon done pandan de (2) lane ki sot pase yo
- Moun ki konsène yo te mande si yo ta dwe chanje baz la pou yon ane ki pi resan paske yo te santi COVID-19 te prezante obstak pou reyalize evalyasyon yo alè.
- Moun ki konsène yo te anfavè pou yo etabli yon baz ak yon pousantaj ki ba paske yo te krent li ka diminye akòz COVID-19.

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo ak Aktivite Amelyorasyon yo Sijere yo:

- Gen plizyè fason pou kontakte paran yo epi ou dwe fleksib pou ede ekip yo fè evalyasyon yo alè
- Fikse dat reyinyon yo alavans pou jere reta yo
- Devlope yon kalandriye pou bay yon paran "konsantman paran"
- 2 pwofesè nan yon salklas, asistan sipleman tè pou sipò, tan sipleman tè pou pwofesè edikasyon espesyal yo ekri IEP ak evalyasyon yo.
- Òganize seyans enfòmasyon pou paran jèn timoun yo
- Ogmante salè pou sikològ pou atire yo nan Delaware. Epi ogmante finansman pou lekòl yo anboche plis sikològ eskolè. Fè genyen kowòdonatè edikasyon espesyal a plen tan nan chak bilding, si sa pa deja fèt, men ou ka bezwen plis pase 1 kowòdonatè edikasyon espesyal. Bay pwofesè edikasyon espesyal ki gen pou ekri Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individual Educational Programs, IEPs) ak pou patisipe nan reyinyon yo plis tan pou planifikasyon.
- Bay fanmi yo plis enfòmasyon detaye konsènan responsablite lekòl la, ankouraje yo pou yo se defansè
- Defini wòl yo klèman nan bilding yo pou evalyatè ak kowòdonatè yo
- Lè sa posib, resevwa sipò sipleman tè nan men lòt bilding si evalyatè yo gen twòp evalyasyon pou yo fè nan prèske menm delè.
- Pote tounen depistaj yo an pèsòn nan gadri yo. Sa a pèmèt anplwaye gadri a yon sòt de "sòti" lè pou yo refere paran ki difisil yo. Lè gen anplwaye gadri a ki aji kòm yon sous referans, sa pafwa andonmaje relasyon ki te bati ant paran difisil sa a ak anplwaye gadri a.
- Asire w paran yo konnen ak ki sa pou yo atann yo epi konprann kalandriye a
- Itilize platfòm sou entènèt pou reyinyon yo epi fè plis reyinyon nan diferan fòma akòz pwoblèm transpò

- Kominike pou kreye yon ekip solid
- Depatman Edikasyon Delaware (Delaware Department of Education, DOE) kreye yon fòm pou sèvi kòm ni demann ak pèmasyon pou evalye
- Fòmasyon Ajans Edikasyon Lokal yo (Training Local Education Agencies, LEAs) konsènan responsablite pou Rechèch Timoun yo
- Klarifye règleman yo konsènan lè revèy la kòmanse a ak sa k ap pase nan sezon lete a
- Mete dokiman nan PowerSchool IEP
- Rekritman nan tout eta a pou espesyalis
- Nan lekòl ki gen mank Sikològ Eskolè, chèche anplwaye siplemantè ki ka sipòte konsèy la ak/oswa sipò konpòtman pou libere tan pou evalyasyon yo.
- Ogmantasyon kominikasyon ant anplwaye espesyalis yo ki gen rapò ak delè, Pèmasyon pou Evalye siyati elatriye.
- Bay lisans "DocuSign" nan tout eta a
- Rekonidere kondisyon yo pou ranpli wòl yo ak devwa nan edikasyon
- Kenbe yon fèy kalkil ki eksplike rezon ki fè dat limit la pa respekte pou responsablite a ak pou reponn kesyon sa a yon pwochen fwa. Fè yo kolekte epi konpare li (nan nivo lekòl ak distri) pou idantifye zòn pwoblèm yo
- Kantite delè ki manke yo ta ka soti nan youn oubyen de (2) sous
- Peye sikològ eskolè yo lè siplemantè chak semèn pou ranpli dokiman ki gen rapò ak evalyasyon ak kalifikasyon
- Kapasite pou pataje enfòmasyon sou "dosye elèv" atravè PSIEP pou transfè Delaware yo te itil

# DONE EVALYASYON DELAWARE

Evalyasyon se yon pati enpòtan nan enstriksyon nan avèk asistans nan egalite ak kalite edikasyon an; li reponn ak plizyè objektif pou edikatè yo, etidyan yo, paran yo, ak manm kominote yo. Evalyasyon ki fèt nan nivo leta a, distri oswa chat la, oswa lekòl konbine ansanm pou fòme yon sistèm k ap favorize kwasans etidyan an.

Biwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (tankou Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankouraje ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezilta timoun ki gen andikap yo dapre IDEA. Eta yo gen egzijans pou yo devlope yon Plan Pèfòmans nan nivo Eta k ap dekri kòman li pral amelyore rezilta timoun ki gen andikap yo sou yon peryòd 4 lane epi pou bay rapò sou pwogrè a chak ane. Rezilta yo kouvri domèn tankou tankou kantite gradyasyon, kantite abandon, patisipasyon ak pèfòmans nan lekti ak matematik, ansanm avèk respè pou lwa sou edikasyon yo




## Endikatè 3A- Patisipasyon nan Evalyasyon Eta a

Pousantaj etidyan ki gen andikap ki te patisipe nan evalyasyon nan tout Eta a pou Matematik ak Lekti nan klas: 4yèm, 8yèm, ak Lekòl Segondè.

### Mezi ak Kalkil:

Kantite etidyan ki nan IEP ki te patisipe nan evalyasyon Eta a

kantite etidyan ki nan IEP ki enskri pou evalyasyon Eta a



**Kantite patisipasyon ki sible a se 95% nan ELA ak Matematik pou peryòd ki soti 2020 pou rive 2025 lan.**

## Endikatè 3A: Patisipasyon nan Evalyasyon Eta a

**Gwoup ki Konsène yo:** Pou endikatè sa a, yo te òganize 10 reyinyon avèk moun ki konsène yo, ki gen ladan Konsèy Konsiltatif MTSS, Aksè nan Komite Pwogram Etid Edikasyon Jeneral la, seyans Dine-Konferans an kolaborasyon ak Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware, Konsèy Konsiltatif Gouvènè pou Sitwayen Eksepsyonèl yo (Komite Konsiltatif Leta IDEA) ak Direktè Edikasyon Espesyal LEA yo.

Endikatè 3A: Patisipasyon nan Evalyasyon Eta a (FFY 2018 = Ane Eskolè 2018-2019)										
Matyè	Gwoup	Gwoup Klas	Ane Referans	Done Referans	2020	2021	2022	2023	2024	2025
Lekti	A >=	Ane 4	FFY 2018	98.16%	95.00%	95.00%	95.00%	95.00%	95.00%	95.00%
Lekti	B >=	Ane 8	FFY 2018	95.70%	95.00%	95.00%	95.00%	95.00%	95.00%	95.00%
Lekti	C >=	Lekòl Segondè	FFY 2018	74.76%	95.00%	95.00%	95.00%	95.00%	95.00%	95.00%
Matematik	A >=	Ane 4	FFY 2018	98.06%	95.00%	95.00%	95.00%	95.00%	95.00%	95.00%
Matematik	B >=	Ane 8	FFY 2018	95.38%	95.00%	95.00%	95.00%	95.00%	95.00%	95.00%
Matematik	C >=	Lekòl Segondè	FFY 2018	74.68%	95.00%	95.00%	95.00%	95.00%	95.00%	95.00%

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo Konsènan Objektif yo:

- Objektif Endikatè sa a pi ba pase baz referans lan pou klas 4yèm ak 8yèm ane
- Konsidere faktè COVID yo
- 2021 se te yon ane ki pa t nòmal ak anpil elèv ki te rete lakay yo. Itilize nenpòt done ane eskolè 2020-2021 a, se t ap yon erè. Gade done ane sa a ak elèv yo ki nan bilding lan.

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo ak Aktivite Amelyorasyon yo Sijere yo:

- Pi bon kominikasyon/konstwiksyon relasyon ak paran yo; patenarya ak pwofesè yo envite yo.
- Entèvansyon pwo-aktif Pwofesè yo Envite a pou asire baryè prezans yo elimine, efase tan lè yo bay evalyasyon an pou adapte ak orè yo, pèmèt elèv yo chwazi ki seksyon nan tès la y ap pase chak jou; pa egzant, petèt yo chwazi Matematik an premye, apre sa ELA, rapòte pousantaj reyisit yo bay paran yo pandan peryòd egzamen an pou yo konnen patisipasyon ak reyisit elèv yo a.
- Bay paran yo ak fanmi yo yon fason ki klè ak tout tan orè tès yo epi asire elèv yo jwenn sipò ak konsèy pou diminye enkyetid yo
- Kreye ankourajman pou elèv yo patisipe.
- Lekòl yo ta dwe bay fanmi yo enfòmasyon konsènan objektif ak enpòtans evalyasyon an.
- Retounen nan patisipasyon konplè
- Nou te ofri tès la nan plizyè jou ki gen ladan samdi ak apre lekòl lage
- Nesesite pou enfòmasyon paran yo sou aranjman pou SAT
- Ede elèv yo santi yo pi alèz ak plis konfyan nan sa ki gen pou wè ak pase tès. Anseye yo pandan tout ane a, men pa pase yo tès sèlman. Gen twò presyon sou yo pou yo ta pafè

# DONE EVALYASYON DELAWARE

Evalyasyon se yon pati enpòtan nan enstriksyon nan avèk asistans nan egalite ak kalite edikasyon an; li reponn ak plizyè objektif pou edikatè yo, etidyan yo, paran yo, ak manm kominote yo. Evalyasyon ki fèt nan nivo leta a, distri oswa chat la, oswa lekòl konbine ansanm pou fòme yon sistèm k ap favorize kwasans etidyan an.

Biwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (tankou Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankouraje ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezilta timoun ki gen andikap yo dapre IDEA. Eta yo gen egzijans pou yo devlope yon Plan Pèfòmans nan nivo Eta k ap dekri kòman li pral amelyore rezilta timoun ki gen andikap yo sou yon peryòd 4 lane epi pou bay rapò sou pwogrè a chak ane. Rezilta yo kouvri domèn tankou tankou kantite gradyasyon, kantite abandon, patisipasyon ak pèfòmans nan lekti ak matematik, ansanm avèk respè pou lwa sou edikasyon yo



## Endikatè 3B- Pèfòmans nan Evalyasyon Estanda Eta a

To revisit timoun ki nan IEP yo parapò ak nòm revisit akademik nan Matematik ak Lekti nan klas 4yèm, 8yèm, (Evalyasyon Entèlijans) ak Lekòl Segondè (SAT- 11yèm ane).

### Mezi ak Kalkil:

kantite timoun ki nan IEP ki gen rezilta ki egal oswa siperyè ak nòm evalyasyon leta a

kantite timoun ki nan IEP ki enskri nan nòm evalyasyon leta a

### Evalyasyon Estanda To Konpetans ELA 3B



### Evalyasyon Estanda To Konpetans Matematik 3B



## Endikatè 3B: Pèfòmans nan Evalyasyon Eta a

**Gwoup ki Konsène yo:** Pou endikatè sa a, yo te òganize 10 reyinyon avèk moun ki konsène yo, ki gen ladan Konsèy Konsiltatif MTSS, Aksè nan Komite Pwogram Etid Edikasyon Jeneral la, seyans Dine-Konferans an kolaborasyon ak Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware, Konsèy Konsiltatif Gouvènè pou Sitwayen Eksepsyonèl yo (Komite Konsiltatif Leta IDEA) ak Direktè Edikasyon Espesyal LEA yo.

### Endikatè 3B: Konpetans nan Evalyasyon Eta a

(FFY 2017 = Ane Eskolè 2017-2018)

Matyè	Gwoup	Gwoup Klas	Ane Referans	Done Referans	2020	2021	2022	2023	2024	2025
Lekti	A >=	Ane 4	2017	16.30%	19.36%	22.42%	25.48%	28.54%	31.60%	34.66%
Lekti	B >=	Ane 8	2017	10.01%	13.65%	17.29%	20.93%	24.57%	28.21%	31.85%
Lekti	C >=	Lekòl Segondè	2017	10.21%	13.83%	17.45%	21.07%	24.69%	28.31%	31.93%
Matematik	A >=	Ane 4	2017	15.52%	18.65%	21.78%	24.91%	28.04%	31.17%	34.30%
Matematik	B >=	Ane 8	2017	4.21%	8.37%	12.63%	16.69%	20.85%	25.01%	29.17%
Matematik	C >=	Lekòl Segondè	2017	3.46%	7.69%	11.92%	16.15%	20.38%	24.61%	28.84%

#### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo Konsènan Objektif yo:

- Mwayèn 2018 ak 2019 ansanm pou baz referans lan

#### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo ak Aktivite Amelyorasyon yo Sijere yo:

- Chèche èd deyò pou amelyore pousantaj konpetans pou elèv ki gen IEP yo
- Kominike paran yo enpòtans tès sa yo genyen.
- Amelyore enstriksyon; Asire w elèv yo ap resevwa ansèyman nan nivo klas yo tou.
- Revize nòm matematik yo ak pwosesis ansèyman sistematik pou asire n ap bay aranjman ak modifikasyon kòm sadwa, Anvizaje diferan pwogram etid oswa apwòch ansèyman pou lekòl ki gen revni ki fèb yo, Pwolonje tan entèvansyon nan matematik pou elèv ki gen difikilte yo, sispann itilize
- Pwofesè Edikasyon Espesyal yo antanke entèvenan, amelyore modèl ko-ansèyman nan tout salklas yo, ranfòse itilizasyon Pratik Efè Levye Elve (High Leverage Practices, HLPs) atravè aktivite prezantasyon ak reyaksyon.
- Bay elèv yo kou preparatwa gratis pou ede yo aprann estrateji pou pase tès yo epi devlope andirans yo fas ak tès yo.
- Bonjan pratik Nivo 1 ak fidelite ak pwogram etid debaz la. Konsantre plis sou konpetans lekti debaz yo
- Lekòl yo ka bay aktivite anrichisman apre lekòl ak kou sou devlopman konpetans.
- Bay materyèl etid eksteryè
- Ofri elèv yo Anrichisman le Samdi
- Nesesite pou egzamine pwogram etid yo te itilize nan 4yèm ak 8yèm ane yo te fè bon nòt pou yo
- Pa mete tout pwoblèm lekti yo pou evalyasyon matematik. Tout bagay sa yo se yon pwoblèm mo epi elèv yo deja gen pwoblèm ak konpreyansyon lekti, kidonk, li pa anfavè yo pou matematik. Konsantre plis sou baz matematik yo.

- Jete yo! Yo pa endikatè ki egzat epi yo natirèlman gen fòskote.
- Klas ki pi piti. Pi bon fòmasyon pou pwofesè nan nivo kolèj nan syans ansèyman lekti, ekriti ak matematik. Ekselan pwofesè yo bay plis sèvis mantò (diminye tan ansèyman yo epi ogmante tan sèvis mantò yo ansanm ak yon salè). Mwens mikwo-jesyon pwofesè ak mwens devwa, ba yo plis tan pou yo fè travay yo byen. Bay pwofesè edikasyon espesyal yo plis tan pou yo fè planifikasyon pou yo ka gen tan pou yo ekri IEP yo epi pou yo fè demach yo.
- Pran tan pou anseye epi si yo bezwen èd siplemantè, bay li

# DONE EVALYASYON DELAWARE

Evalyasyon se yon pati enpòtan nan enstriksyon nan avèk asistans nan egalite ak kalite edikasyon an; li reponn ak plizyè objektif pou edikatè yo, etidyan yo, paran yo, ak manm kominote yo. Evalyasyon ki fèt nan nivo leta a, distri oswa chat la, oswa lekòl konbine ansanm pou fòme yon sistèm k ap favorize kwasans etidyan an.

Bwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (tankou Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankouraje ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezilta timoun ki gen andikap yo dapre IDEA. Eta yo gen egzijans pou yo devlope yon Plan Pèfòmans nan nivo Eta k ap dekri kòman li pral amelyore rezilta timoun ki gen andikap yo sou yon peryòd 4 lane epi pou bay rapò sou pwogrè a chak ane. Rezilta yo kouvri domèn tankou tankou kantite gradyasyon, kantite abandon, patisipasyon ak pèfòmans nan lekti ak matematik, ansanm avèk respè pou lwa sou edikasyon yo



## Endikatè 3C- Pèfòmans nan Evalyasyon Altène Eta a


To revisit timoun ki nan IEP yo parapò ak nòm revisit akademik nan Matematik ak Lekti nan klas 4yèm, 8yèm, (Evalyasyon Entèlijans) ak Lekòl Segondè (SAT- 11yèm ane).

### Mezi ak Kalkil:


kantite timoun ki nan IEP ki gen rezilta ki egal oswa siperyè ak nòm

evalyasyon leta a kantite timoun ki nan IEP ki enskri nan nòm evalyasyon leta a

**Evalyasyon Alt To Konpetans ELA 3C**



**Evalyasyon Alt To Konpetans Matematik 3C**



## Endikatè 3C: Pèfòmans nan Evalyasyon Altènatif Eta a

**Gwoup ki Konsène yo:** Pou endikatè sa a, yo te òganize 10 reyinyon avèk moun ki konsène yo, ki gen ladan Konsèy Konsiltatif MTSS, Aksè nan Komite Pwogram Etid Edikasyon Jeneral la, seyans Dine-Konferans an kolaborasyon ak Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware, Konsèy Konsiltatif Gouvènè pou Sitwayen Eksepsyonèl yo (Komite Konsiltatif Leta IDEA) ak Direktè Edikasyon Espesyal LEA yo.

Endikatè 3C: Pèfòmans nan Evalyasyon Altènatif Eta a (FFY 2017 = Ane Eskolè 2017-2018)										
Matyè	Gwoup	Gwoup Klas	Ane Referans	Done Referans	2020	2021	2022	2023	2024	2025
Lekti	A >=	Ane 4	2017	23.53%	25.94%	28.35%	30.76%	33.17%	35.58%	37.99%
Lekti	B >=	Ane 8	2017	42.41%	43.10%	43.79%	44.48%	45.17%	45.86%	46.55%
Lekti	C >=	Lekòl Segondè	2017	41.42%	42.20%	42.98%	43.76%	44.54%	45.32%	46.10%
Matematik	A >=	Ane 4	2017	30.15%	31.95%	33.75%	35.55%	37.35%	39.15%	40.95%
Matematik	B >=	Ane 8	2017	18.89%	21.72%	24.55%	27.38%	30.21%	33.04%	35.87%
Matematik	C >=	Lekòl Segondè	2017	8.98%	12.71%	16.44%	20.17%	23.90%	27.63%	31.36%

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo Konsènan Objektif yo:

- Pa gen kòmantè ak reyaksyon

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo ak Aktivite Amelyorasyon yo Sijere yo:

- Asire yon rigè apwopriye nan salklas la; Fè elèv yo fè fas ak travay ki sanble nan enstriksyon y ap resevwa chak jou.
- Li nesèsè pou ogmante rigè ak atant pwofesè yo, ogmante ekspozisyon ak koneksyon avèk CCSS la, ogmante opòtinite enklizyon pou elèv yo, ofri pwofesè yo plis ankadreman sou adaptasyon ak modifikasyon
- Enstui lòt elèv yo sou nivo klas yo ak modifikasyon ak adaptasyon.
- Asire pwofesè yo konpetan nan bay evalyasyon an.
- Li ka sou yon baz ka pa ka
- Fòmasyon sou fason pou aliyen Kat Aprantisaj Dinamik yo (Dynamic Learning Maps, DLM) ak evalyasyon altènatif eta a
- Enkyetid sou chwa paran yo pou yo pa kontinye
- 1% afekte sa a
- Ofri plis èd, nan men pwofesè yo, anvan evalyasyon yo pou ede elèv yo. Pa atann ou y ap aprann tout bagay nan yon sèl jounen.

# DONE EVALYASYON DELAWARE

Evalyasyon se yon pati enpòtan nan enstriksyon nan avèk asistans nan egalite ak kalite edikasyon an; li reponn ak plizyè objektif pou edikatè yo, etidyan yo, paran yo, ak manm kominote yo. Evalyasyon ki fèt nan nivo leta a, distri oswa chat la, oswa lekòl konbine ansanm pou fòme yon sistèm k ap favorize kwasans etidyan an.

Biwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (tankou Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankouraje ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezilta timoun ki gen andikap yo dapre IDEA. Eta yo gen egzijans pou yo devlope yon Plan Pèfòmans nan nivo Eta k ap dekri kòman li pral amelyore rezilta timoun ki gen andikap yo sou yon peryòd 4 lane epi pou bay rapò sou pwogrès a chak ane. Rezilta yo kouvri domèn tankou tankou kantite gradyasyon, kantite abandon, patisipasyon ak pèfòmans nan lekti ak matematik, ansanm avèk respè pou lwa sou edikasyon yo



## Endikatè 3D- Fay nan Konpetans

To reyisit pou etidyan ki nan IEP k ap pran evalyasyon regilye kont tout etidyan k ap pran evalyasyon regilye a.

### Mezi ak Kalkil:

To reyisit pou tout etidyan ki gen reyisit ki egal oswa siperyè ak nòm nan evalyasyon regilye leta a


(-)

To reyisit pou tout etidyan ki nan IEP ki gen reyisit ki egal oswa siperyè ak nòm nan evalyasyon regilye leta a

### Fay nan Konpetans ELA 3D



### Fay nan Konpetans Matematik 3D



## Endikatè 3D: Eka nan Evalyasyon Eta a nan Konpetans

**Gwoup ki Konsène yo:** Pou endikatè sa a, yo te òganize 10 reyinyon avèk moun ki konsène yo, ki gen ladan Konsèy Konsiltatif MTSS, Aksè nan Komite Pwogram Etid Edikasyon Jeneral la, seyans Dine-Konferans an kolaborasyon ak Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware, Konsèy Konsiltatif Gouvènè pou Sitwayen Eksepsyonèl yo (Komite Konsiltatif Leta IDEA) ak Direktè Edikasyon Espesyal LEA yo.

Endikatè 3D: Eka nan Evalyasyon Eta a nan Konpetans (FFY 2017 = Ane Eskolè 2017-2018)										
Matyè	Gwoup	Gwoup	Ane	Done	2020	2021	2022	2023	2024	2025
	p	Klas	Referans	Referans						
Lekti	A >=	Ane 4	2017	33.23%	31.72%	30.21%	28.70%	27.19%	25.68%	24.17%
Lekti	B >=	Ane 8	2017	43.24%	41.27%	39.30%	37.33%	35.36%	33.39%	31.42%
Lekti	C >=	Lekòl Segondè	2017	39.97%	38.15%	36.33%	34.51%	32.69%	30.87%	29.05%
Matematik	A >=	Ane 4	2017	34.96%	33.37%	31.78%	30.19%	28.60%	27.01%	25.42%
Matematik	B >=	Ane 8	2017	34.94%	33.35%	31.76%	30.17%	28.58%	26.99%	25.40%
Matematik	C >=	Lekòl Segondè	2017	25.28%	24.13%	22.98%	21.83%	20.68%	19.53%	18.38%

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo Konsènan Objektif yo:

- 28.60%: Objektif yo ta dwe diminye pa 2%
- 71.40%: Objektif yo ta dwe diminye pa ½
- GACEC – diminye pa 2%
- Objektif yo ta dwe diminye eka a pa ½ anvan 2030

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo ak Aktivite Amelyorasyon yo Sijere yo:

- Ou dwe konnen ki jan sistèm nan ap travay epi detèmine poukisa nou pa montre amelyorasyon. Sa yo se kèk nan domèn prensipal Eta a bezwen travay sou yo pou amelyore rezilta elèv ki gen andikap yo. Ta dwe gen plis konsantrasyon sou akonpli mezi yo fikse yo.
- Nan tan k ap vini yo, li t ap itil pou gen yon diskisyon avèk DDOE prensipalman sou Endikatè yo kote Eta a pa pèfòman. Li t ap itil pou konnen kisa lòt eta ki gen plis siksè nan Endikatè sa yo ap fè Delaware pa fè, kidonk nou ka aprann de sa. Epitou li ka gen anpil valè pou konnen si gen lòt varyab ki enplike, tankou fason yo kolekte done yo, pou eksplike diferans pèfòmans nan mitan eta yo.

# DONE EVALYASYON DELAWARE

Evalyasyon se yon pati enpòtan nan enstriksyon nan avèk asistans nan egalite ak kalite edikasyon an; li reponn ak plizyè objektif pou edikatè yo, etidyan yo, paran yo, ak manm kominote yo. Evalyasyon ki fèt nan nivo leta a, distri oswa chat la, oswa lekòl konbine ansanm pou fòme yon sistèm k ap favorize kwasans etidyan an.

Etazini. Biwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (sa ki gen ladan l Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankouraje ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezilta timoun ki ap viv ak andikap yo selon IDEA. Yo egzije Eta yo pou yo devlope yon Plan Pèfòmans nan nivo Eta (SPP) k ap dekri kòman li pral amelyore rezilta yo pou timoun ki ap viv ak andikap yo sou yon peryòd 4 lane epi pou bay rapò sou pwogrè a chak ane. Rezilta yo kouvri domèn tankou, tankou to gradyasyon, to abandon, patisipasyon ak pèfòmans nan evalyasyon lekli ak matematik, ansanm avèk respè tout lwa sou edikasyon espesyalize yo




## Endikatè 17-Plan Amelyorasyon Sistemik Eta a

To reyisit timoun ki nan IEP yo parapò ak nòm reyisit akademik pou Lekti nan klas 3èm ane, (Evalyasyon Entèlijans oubyen evalyasyon kat jewografik Aprantisaj Dinamik).

### Mezi & Kalkil:

# timoun ki nan IEP yo ki pa fè yon rezilta egal oubyen siperyè parapò konpetans nòm 3èm ane ak lòt evalyasyon ELA

# timoun ki nan IEP yo ki enskri nan konpetans nòm 3èm ane ak lòt evalyasyon ELA



## Endikatè 17: Plan Amelyorasyon Sistemik Eta a

**Gwoup ki Konsène yo:** Pou endikatè sa a, yo te òganize 10 reyinyon avèk moun ki konsène yo, ki gen ladan Konsèy Konsiltatif MTSS, Aksè nan Komite Pwogram Etid Edikasyon Jeneral la, seyans Dine-Konferans an kolaborasyon ak Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware, Konsèy Konsiltatif Gouvènè pou Sitwayen Eksepsyonèl yo (Komite Konsiltatif Leta IDEA) ak Direktè Edikasyon Espesyal LEA yo.

Endikatè 17: Plan Amelyorasyon Sistemik Eta a							
Ane Referans	Done Referans	Objektif: 2020	Objektif: 2021	Objektif: 2022	Objektif: 2023	Objektif: 2024	Objektif: 2025
2017	87.72%	85.72%	83.72%	81.72 %	79.72%	77.72 %	75.72%

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo Konsènan Objektif yo:

- Pa gen kòmantè ak reyaksyon

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo ak Aktivite Amelyorasyon yo Sijere yo:

- Depatman Edikasyon Delaware (Delaware Department of Education, DDOE) ta dwe anvizaje fè fizyon sante mantal ak sipò sosyal emosyonèl nan salklas yo ansanm ak alfabetizasyon.
- Aliyen ansèyman sou syans lekti epi sèvi ak materyèl apwopriye.
- Espere pou chak nivo klas enpòtan, menm si li pa teste! Responsablite Administratè yo pou yo asire tout pwofesè yo ap aplike pwogram etid la ak pi bon pratik yo ak fidelite, egzije Pre-Matènèl (Pre-Kindergarten, PK) pou tout elèv yo epi ogmante pwogram jounen konplè yo parapò ak pwogram demi jounen yo
- Estrateji deteksyon bonè nan premye ane pou tout elèv yo pou yo ka idantifye elèv yo pou yon entèvansyon bonè. Plis elèv ta dwe gen aksè ak espesyalis lekti pou ede yo gen konpetans nan alfabetizasyon bonè olye pou ratrape yo pi devan.
- Plis Espesyalis Lekti nan lekòl yo.
- Kontinye bay Ajans Edikasyon Lokal yo (Local Education Agencies, LEAs) aksè ak sipò nan aplikasyon pwogram ak entèvansyon alfabetizasyon bonè.
- Asire w elèv yo idantifye de (2) fwa yo (Moun k Ap Aprann Lang Anglè (English Language Learners, ELL) ak edikasyon espesyal yo) resevwa sipò nan tout domèn yo bezwen epi pou yo mal idantifye elèv sa yo.
- E matematik?
- Klas ki pi piti. Pi bon fòmasyon pou pwofesè sou syans ansèyman lekti. Plis espesyalis lekti.

# Done sou Patisipasyon Paran Eta Delaware yo

Paran yo se yon manm enpòtan nan ekip ki ap fè edikasyon pitit yo. Nan Eta Delaware, paran timoun ki ap viv ak andikap yo resevwa yon sondaj chak ane pou founi kòmman tè sou ansanm opòtinite patisipasyon yo genyen antanke paran.

Etazini. Biwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (sa ki gen ladan l Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankouraje ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezilta timoun ki ap viv ak andikap yo selon IDEA. Yo egziye Eta yo pou yo devlope yon Plan Pèfòmans nan nivo Eta (SPP) k ap dekri kòman li pral amelyore rezilta yo pou timoun ki ap viv ak andikap yo sou yon peryòd 4 lane epi pou bay rapò sou pwogrè a chak ane. Rezilta yo kouvri domèn tankou, tankou to gradyasyon, to abandon, patisipasyon ak pèfòmans nan evalyasyon lekti ak matematik, ansanm avèk respè tout lwa sou edikasyon espesyalize yo



## Endikatè 8- Patisipasyon Paran

Pousantaj paran ki gen yon timoun ki ap resevwa yon sèvis edikasyon espesyalize ki rapòte ke lekòl yo fasilite patisipasyon paran an antanke yon mwayen pou amelyore ansanm sèvis ak rezilta pou timoun ki ap viv ak andikap yo.

Indicator Description	
<b>How</b>	The Delaware Department of Education employs the Center for Disabilities Studies at the University of Delaware to survey the parents of students with Individualized Education Programs (IEPs).
<b>Who</b>	The survey is sent to the parents of all students with IEPs within each school district/charter.
<b>When</b>	The survey is sent out in February and August of each year.
<b>What</b>	The survey includes 11 questions which can be answered using a scale of responses. The responses range from Strongly Agree to Strongly Disagree.

### Pousantaj moun yo entèwoje yo ak Nivo Akò ki wo pa ane:

Lekòl la ankouraje epi sipòte patisipasyon m nan edikasyon pitit mwen nan lide pou m amelyore ansanm sèvis ak rezilia pou pitit mwen.

FFY	2015	2016	2017	2018	2019	2020
Target ≥	87%	88%	89%	90%	90%	
Data	90.67%	89.18%	89.54%	93.50%	92.33%	94.07%

## Endikatè 8: Patisipasyon Paran

**Gwoup ki Konsène yo:** Pou endikatè sa a, yo te òganize 8 reyinyon avèk moun ki konsène yo, ki gen ladan Gwoup ki Konsène sou Ekite nan IDEA, seyans Dine-Konferans an kolaborasyon ak Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware, Konsèy Konsiltatif Gouvènè pou Sitwayen Eksepsyonèl yo (Komite Konsiltatif Leta IDEA) ak Direktè Edikasyon Espesyal LEA yo.

Endikatè 8: Patisipasyon Paran							
Ane Referans	Done Referans	Objektif: 2020	Objektif: 2021	Objektif: 2022	Objektif: 2023	Objektif: 2024	Objektif: 2025
2017	89.54%	90.00%	90.50%	91.00%	91.50%	92.00%	92.50%

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo Konsènan Objektif yo:

- 50%: Objektif la ogmante nan 1% chak ane
- 50%: Objektif la ogmante nan 0,50% chak ane
- Mon pa panse nou bezwen ogmante sa a plis pase 90%, mwen panse 90% bon.

### Kòmantè oswa Reyaksyon Moun ki Konsène yo ak Aktivite Amelyorasyon yo Sijere yo:

- Chanje aparans anvlòp w ap voye nan lapòs pou sondaj la
- Itilize anvlòp distri a
- Rapley paran a
- Chèche konnen poukisa paran yo pa santi yo tankou patisipan ki angaje
- Bati pi bon relasyon
- Chanje fason sa w ap voye nan lapòs la parèt ak fason moun resevwa li
- Itilize anvlòp lekòl la pou paran yo pa jete sondaj la paske yo ka panse li pa enpòtan pou yo
- Fè rapèl pou paran yo sou sondaj yo
- Voye nan imel oswa mesaj tèks
- Asosyasyon Paran/Pwofesè (Parent/Teacher Association, PTA) ta ka yon lòt mwayen pou bay paran yo enfòmasyon yo
- Asire w lekòl yo, distri lekòl yo, ak òganizasyon sipò yo verifiye si paran yo konnen Sondaj sou Angajman Paran yo (Parent Engagement Survey, PES). Ofri bray, teknoloji asistans pou lekti awotvwa, imèl ak sondaj sou papye pou paran yo si toutfwà yo gen yon andikap
- Enfòmè kominote a, lekòl yo ak fanmi yo
- Bay yon lyen pou monte sou sondaj la ak voye mesaj suivi pou fanmi yo.
- Bay kopi sondaj la alekri nan fen reyinyon an pou fanmi yo ranpli
- Fè sondaj ou yo mwens dekourajan ak mwens konfizyon menm pou paran yon elèv edikasyon espesyal ki se yon edikatè tou
- Bay paran yo fòmasyon sou tout aspè yon Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individualized Educational Program, IEP), pa sèlman pase sou li nan reyinyon an epi mande si gen nenpòt lòt kesyon, olye de sa pwopoze diskisyon endividyèl ak/oswa gen leson ki anrejistre
- Fè nonmen nan tout reyinyon yo yon moun ki konnen byen sa ki rele rezolisyon konfli ak objektif pou idantifye ak rezoud nenpòt konfli oswa tansyon
- Bay pwofesè yo plis tan planifikasyon, espesyalman pwofesè edikasyon espesyal yo, pou yo ka pase plis tan nan kominike ak paran yo.

# DONE KAD PRESKOLÈ NAN DELAWARE

